

KALAWARTI SASTRA JAWA

JANUARI - JUNI 2020

pagagan

Nomer 96



**Sabbe Satta
Bhavantu Suki Tata**

Sengkuni Ilang

**Kenya Cilik
Dodolan Dimik**

**Paraga Wayang
kanggo Nyemoni**

**Modernitas
Sastra Jawa**

**Ora Kepingin
Ditinggal Idhe**

ISSN 0854-1035

Pupur Sawise Benjut

Reden Wiradarsana omahe gedhong gedhe siji, kang saemper mburi didelehi senthong telu, lawange padha saka mburi kabeh. Sakiwa-tengen lan mburine let limang dhepa pinagaran bata, dene yen arep menyang ing pakebonan, ing mburi ana butulane, sarana lawang kori. Munggah pager bata mau kang ngarep tepung lan pager tembok ing omah kang sisih ngarep.

Ing sawijining sasi, anake lanang Raden Wiradarsana dadi panganten, peturone ing senthong tengah kang mburi mau. Ing kono kancinge lawang rusak, dene wong tuwane wis kerep perintah marang anake kang lagi dadi panganten mau, dikon ngundang tukang kayu, dipurih ndandani kancinging lawang iku, nanging ora dipaelu, mungguh ciptane anak lanang mau mangkene." Ngarah apa ora nganggo kancing, dene ing njaba pagere bata dhuwur, korine gebyok santosa."

Ora antara lawas, manten mau kemalingan, simpenane sandhangan kongsi entek, weruh-weruh bareng esuk. Dene lebuwetune maling saka ing pakebonan marang longkang, sarana andha, andhane ditinggal ing pager bata kono. Panganten lanang durung kongsi ngombe wedang ing wayah esuk, enggal lunga ngundang tukang kayu, bakal dikon aweh weruh marang wong tuwane, ing bab olehe kemalingan iku. Bareng kang wadon tutur atakon, "Gendhuk, lakimu saiki ana ing ngendi." Kang tinakon sumaur, "Sapunika saweg kesah ngundang tukang kajeng, badhe dipunken ndandosi kancing kori ingkang risak menika." Bapake celathu, "O, la iku ta wong kesed, wong bodho, wong ora ngimanake pitutur wong tuwa, reka-reka pupur sawise benjut, esuk umun-umun teka ngundang tukang kayu, yen wong pinter rak nggoleki sisik melik."

Sumber: Layang Bebasan Lan Saloka (1921)

Dening: Mas Merta Senjaya

Bale Pustaka

pagagan

KALAWARTI SASTRA JAWA

NO. 96 JANUARI - JUNI 2020

SUSUNAN REDAKSI

Pelindung/ Penanggung Jawab

Kepala Balai Bahasa
Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Pemimpin Umum

Ketua Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta

Pemimpin Redaksi

Ratun Untoro

Sekretaris

Wuroidatil Hamro

Bendahara

W. Ari Widiawan

Dewan Redaksi

Yohanes Adhi Satiyoko
Dhanu Priyo Prabowo
Herry Mardianto
Margaretha Widhi Pratiwi
Ardini Pangastuti Bn.
Mulyanto
Latief S. Nugraha

Sirkulasi

Wuroidatil Hamro

Alamat Redaksi

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34 Yogyakarta 55224
Telepon: (0274)562070, Faksimile: (0274)580667
Posel: pagaganssjy@gmail.com
SMS/WA redaksi: 081340419415
SMS/WA sirkulasi: 081578728070

Pagagan nampa tulisan lan gambar saka para maos
dikantheni cathetan biodhata singkat. Redhaksi
duwe wenang mbesut tulisan kang bakal kacetak
tanpa ngowahi isi. Tulisan bisa kakirim liwat posel:

pagaganssjy@gmail.com

nganggo format RTF dudu doc. Foto utawa gambar
nganggo format TIF/JPEG 200 dpi.

Samak ngarep
BANUARLI AMBARDI



DAFTAR ISI

UNEN-UNEN	i
SUSUNAN REDAKSI	1
DAFTAR ISI.....	1
PANGLIMBANG.....	2
Sabbe Satta Bhavantu Suki Tata	
GURITAN	3
- Kresna Duta	
- Ge Er	
- Saratalpa	
- Dlancang Seta	
- Malem Jumat Kliwon	
- Wah	
- Aku Panggurit	
- Weling-mu	
- Kabar Keslametan	
- Dheweke Ngomong Apa	
- Pageblug, Suta, Naya, Dhadhap, Waru	
- Geneya Kowe Tawang-Tawang Tangis	
- Wong Sela	
- Rangen	
- Bakul Abab	
- Kredhit Upil	
- Juragan Cureg	
CERKAK.....	10
- Sengkuni Ilang	
- Aruni	
PARIBASAN	16
CERKAK.....	18
- Goreh	
SULIH	21
- Kenya Cilik Dodolan Dimik	
SULUH	23
- Pageblug, Sastra, lan Guyup Rukun	
KRONIK.....	24
Balai Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta 2020	
KRITIK CERKAK.....	25
Paraga Wayang kanggo Nyemoni	
ESAI	27
Modhernitas Sastra Jawa	
PARAGA	28
Ora Kepingin Ditinggal Idhe	
MACAPAT	30
- Pemuda Indonesia	
- Lawuh Ing Ngayogya	
PUSPA RINONCE	31
Supados Tewah Saé, Taneman Punapa Kemawon	
Kedah Dipunrabét	
WEDANGAN	32
Brangus	
PAMERAN BUKU.....	33



Sabbe Satta Bhavantu Suki Tata

YOHANES ADHI SATIYOKO

Pancen bener menawa sastra dadi kaca benggalaning urip, urip ing alam sawegung. Donyaning kasusastran katon urip merga abeya kahanan padinaning manungsa kanthi maneka werna ayahan kang ditindakake. Ing urip lan panguripan, manungsa minangka titahing Gusti nduweni nalar kanggo ngleksanakake ayahane dhewe-dhewe. Manungsa duweni rasa seneng, sedhih, kuciwa, trenyuh, mongkog, kepara rasa-rasa kang kagolong ora becik, julig, drengki-srei, urik, duweni pepinginan nguwasani, kepingin patining liyan, lan sapiturute. Kahanan uriping manungsa kang kaya mangkono kuwi ora bisa diselaki jer dhasare manungsa tansah kepingin urip kepenak. Mula kupiya kanggo ngrewangi manungsa urip bener lan pener tansah diudi. Salah sijine lumantar sastra.

Donyaning urip lan panguripaning manungsa iki tansah dadi tukung *inspirasi kreatif* para pengarang kanggo ngrantam riptan sastra. Ing karya sastra kang asipat fiksi ana maneka werna kreativitas, kayata ngripta paraga. Paraga ing karya

fiksi ora mung wujud manungsa wae, bisa uga kewan-kewan, kayata ing dongeng Kancil lan maneka dongeng sato kewan kang paragane kancil, baya, kuldi, kirik, pitik, kucing, lan liya-liyane. Uga ana kang wujud tuwuhan kang bisa ditemoni ing maneka werna crita bocah kanthi paraga kembang, woh-wohan, uwit, lan sapiturute. Ana uga paraga barang utawa bekakas kang bisa omong, lan liya-liyane. Senajanta paragane dudu manungsa, ananging paraga mau tetep nggambarake solah bawa, wewatekan, lan pikiran kang asipat kamanungsan.

Gegambaraning maneka wujud paraga ing karya fiksi sejatine uga nyulih sipating alam sawegung kang dumadi saka maneka werna titah. Ora sethithik karya sastra kang ngangkat latar crita lan pesen kanggo para maos babagan sesambungan antaraning manungsa klawan kewan utawa tuwuhan. Wujud sastra kang kaya mangkono diarani *sastra berwawasan lingkungan* (ekologi sastra). Iki sejatine paedhahe sastra, kang kudu tetep jaga donya kanthi maneka werna riptane. Saliyane kuwi, karya sastra bisa nuduhake

sawijining kearifan ekologi (*ecological wisdom*), nyuguhake riptan kang nuduhake metafora-metafora ngenani bumi saisine, lan kang baku bisa dadi modhel kang dinut dening manungsa kanggo sesrawungan, urip sesandhingan, lan ngrumat alam sakiwa tengene minangka titahing Gusti. Maneka karya sastra kang duweni *perspektif ekologis* bisa ditemoni ing crita cekak, novel basa Jawa, geguritan, kepara drama. Saiki mung kepriye anggone para maos niteni, paring tafsir minangka dudutan, lan ngejawantahake babagan kang bisa diugemi ing urip padinan.

Ing pangajab, karya sastra bisa dadi kawruh lan modhel kanggo manungsa ngadhepi urip lan kepara bisa nguripi sarta gawe senenge liyan lumebere marang sakabehing titah ing alam sawegung salaras kaya mantra "*Sabbe Satta Bhavantu Suki Tata*". Mantra saka umat Budha iki sipate *universal*, nuwuhake rasa asih tresna kang ngajab kabeh titahing Gusti ing saindhening donya bisa tansah urip seneng-mulya sesandhingan.

Salam sastra budaya

ASTI PRADNYA RATRI

Kresna Duta

Jitabsara wis terwaca
Garising pesthi wis pinesthi
Manira satitah dinuta
Sapa ngerti bisa ngowahi kang wis ginaris

*Leng-leng gatiningkang
Awan saba-saba, nikeng Ngastina
Samantara tekap, tegal Kuru narya, ya Kresna laku
Sireng Prasurama, myang Kanwa Janaka
Dulur Narada kapanggya tegalwi, luri melu karya, o...
Sang bupati. Sang a bupati

Jangkah kandheg
Kabuka korining kaca benggala
Kagelar yuda sangarep soca
Landhunging hawa anggawe seseg
Kabeh pancen kudu dumadi ing Tegal Kurusetra
Kabeh jalma kudu ngadhepi tanpa bisa endha

*Kakawin Sikarini; suluk kanggo jejer Astina, lakon
Kresna Duta

Nyrepeg, 7 Agustus 2019

Ge Er

Dakintip,
Kothong.
Dakanti,
Suwung
Daklari,
Muspra
Dakendheg
Rampung.

Tekan semene jangkahku. Muliha!
Aja maneh-maneh ungak-ungak saka jendhela.

Kebak panjangka, 5 Agustus 2019

Saratalpa

Sing tumanjem iki, wujud tresna
Tresnaku marang dasih sing ngurbanke raga lara
Lara kang daksandhang, kanggo nebus sakehing dora
Dora marang rasa kang ora kena dakrasa

Rasa kacandhet dening prasapa
Prasapa suci katur marang Dewata
Dewata Agung pepujaningwang

*kang pungkasan pitungkase kangmasmu
kandhaku kang pegat-pegat tan bisa runtut
kanthi muncrate getih pating keleleran
dhadhaku kang kejet-kejet tan bisa muwus

Bagaskara ngglewang mangulon
Ing kulonku wis anganti kanthi esem manis
Manising jangkah tumujwang swargaloka

*Lagu Gugur Bisma (Sujiwo Tejo)

Ngurip-urip tembung, 5 Agustus 2019

Dlancang Seta

Dluwang kuwi aku. Awakku.
Saka mijile isih memplak,
Banjur kacipta kluwung mrekat. Tak.
Mangerteni apa kuwi subasita,
Wanuh mring trapsila lan unggah-ungguh basa.

Warna seta kuwi aku. Rupaku.
Sing isih ngeja isen-isening donya,
Lumantar panggulawenthahing ibu saha bapa.

Saiki dakgegem dluwang resik,
Bakal kaisi aksara edi peni,
Minangka kidung donga lan asung pangabekti
Mring bapa lan ibu sawiji.

Dluwang kang kaisi donga lan pangajab,
Tansaha binerkahan dening Gusti kang akarya jagad
Tumrap kinasihku; ibu lan bapa

Swasyamvara, 24 Juli 2019

BAMBANG NUGROHO

Malem Jumat Kliwon

Srep-srep hawa krasa anyep
Nyiram panas sedina ndrandhang
Bagaskara ninggal cahya
Mapag dina malem Jumat Kliwon
Kanggo manengku puja
Nyadhong urip bisa barokah
Kebak sih kinasihan klawan pepadha,

Wengi malem Jumat Kliwon
Saya adoh ninggal wewadi
Saurute nafas-nafas
Isih gelem ngucap
Lailahaillallah, Lailahaillallah
Ora kudu wedi, ora kudu susah
Nyasaki wengine malem Jumat Kliwon
Ing wulan Sura
Wulan kanggo mulat salira
Bisoa luwih bisa tumindak laku utama
Mapag ana dina-dina kang bakal tumeka

Bangunjiwo, 2019

Wah

Ngoyak pangalembana
Kajurung antuk wah
Wah katone sugih
Wah katone mompyor
Sruwa sruwi ana
Sruwa sruwi duwe
Direwangi njungkir njempalik
Nunjang palang mobat mabit
Nyebrak kana nyebrak kene
Nyilih kana nyilih
Kepara ngapusi kana ngapusi kene

O, kabeh mung ngoyak
Kareen antuk pangalembana wah
Kamangka antuke bakal rekasa
Ketula-tula kurang bejane
Kakuya-kuya kesia-sia,
Becik isa syukur narima
Marang kang tinampa
Kebak rasa qana'ah
Ora ngoyak pangalembana, wah....

Bangunjiwo, 19 September 2018

Aku Panggurit

Aku panggurit,
 Bakal setya ngracik ukara
 Nganggo basa alus kebak ing rasa
 Bisoa gawe adhem nalikane panas
 Bisoa gawe suka nalikane sungkawa
 Bisoa gawe adoh dadi cedhak
 Bisoa gawe renggang dadi rumaket
 Bisoa gawe lungkrah dadi gumregah
 Bisoa gawe sengit gumanti tresna

Aku panggurit,
 Bakal setya nyebar kembang basa
 Kang tan rinasa bisa ngrasuk jerone angga
 Bisoa kasar dadi alus kebak tata krama
 Bisoa mursal dadi temen manembah
 Bisoa maksiyat dadi taqwa
 Bisoa ngangah-angah dadi sabar
 Bisoa cethil dadi loman

Aku panggurit,
 Bakal tuhu nulis saben lodhang
 Marang sliramu para kadang
 Bisoa sesawangan peteng dadi padhang
 Bisoa sumpeg dadi krasa longgar
 Bisoa angel dadi gampang
 Bisoa abot dadi entheng
 Bisoa mangkel dadi seneng

Ah, aku mung panggurit
 Aja kok eling-eling
 Yen ora dadi galih-mu

Bangunjiwo, 2019

Weling-mu

Tansah ndak cathet welingmu
 Bisoa katindakake
 Nalika kaprungu suwara adzan
 Supaya enggal sholat fardhlu
 Turu kepati ing tengahe wengi
 Wancine gumregah sholat tahajud
 Jago wis rame padha kluruk esuk-esuk
 Kudu mancal kemul sholat subuh,

Bareng srengengene wis tengange
 Wancine gelem sholat dhuha
 Ninggal pegaweyan sawetara
 Tekane dina Senin lan Kemis
 Wayahe nindakake pasa sunat
 Wektu batin kemrungsung kesusu-susu
 Supaya gelem tumungkul ngucap syukur,

Nalikane kudu paweh infaq sodakoh
 Kudu ikhlas
 Ora usah mikir cubriya warna-warna
 Nalika tekan dina malem Jumat
 Aja lali ngaji maca kitab suci
 Surate Al Kahfi utawa Yaasiin,

Menawa lagi nyengka makarya
 Ngati-ati yuswa saya tuwa
 Menawa arep memangan
 Eling padharan
 Aja kang pedhes utawa kecut
 Supaya awak bisa tansah waras
 Silaturahmi paseduluran
 Aja nganti nerak paugeran.

Welingmu iku jeng
 Insya Allah bakal ndak eling lan ndak turut
 Nadyan krasa abot
 Ora bakal rinasa merga kulina
 Linandhesan rasa tresna lan legawa
 Kaya dhawuh-E ing syareat agama

Bangunjiwo, 2019

BONARI NABONENAR

*Kabar
Keslametan*

apa ta kang luwih nyenengake
 kejaba tekane kabar saka sanak-kadang
 kang suwe ora ketemu adu-arep
 ing mangsa bubrah mengkene iki
 klebu begja kemayangan dene aku
 lan sliramu isih bisa ngetung batih kirim
 lan nampa donga apadene
 kabar keslametan

lumantar layang setrum iki daksuntak sakehing kangen
 marang sliramu, marang ombak segara, lan marang
 angin kang ngelus gigire gunung

yen rasa sepi wis nunjem pulunge ati
 gage wacanen layang iki
 aja lali adus-kramas lan patigeni

Trenggalek, Juni 2020

*Dheweke
Ngomong Apa*

mbok aja keburu sengit
 sambu ngungkal pangigit-igit
 sadurunge dheweke blaka
 geneya teka-teka mbarang amuk
 ngrusak sabarang sarwa tinata
 coba adhepana nganggo jembare dhadha
 sapa ngreti yen dheweke mung ngemban prentah
 utawa malah para dewa kang lagi memba warna
 utawa lagi ngadhang kala kayadene sukerta
 sadurunge rinuwat dening titah pinilih
 kang kuwat ketiban wahyu bagya-mulya

coba ta rungokna
 sajroning sepi dheweke ngomong apa.

Trenggalek, Juni 2020

Pageblug, Suta, Naya, Dhadhap, Waru

mbokmanawa mung amrih
gampange dheweke diarani pageblug
kang pendhak-pendhak kaya njedhul
saka telenging bumi
utawa neba saka waliking akasa
mbokmanawa klebu bangsa brekasakan
kang bisa mancala putra
mancala putri. salin rupa ganti salaga
mung sekedheping mata

kamangka satemene ora beda karo suta utawa naya
dhadhap lan waru. mung saderma titah.
kang durung sampurna
miturut paugeran kasampurnaning manungsa
durung bisa tatajalma miturut jalma
kang durung bisa tatatitah.

mbokmanawa dheweke pengin crita
ora nganggo cara jawa utawa cara melayu
nalika bangsa jalma tata-tata:
ampyak awur-awur, karang abang!

Trenggalek, Juni 2020

Geneya Kowe Tawang-Tawang Tangis

geneya kowe tawang-tawang tangis
lagi sewulan-rong wulan mung bisa sapejagong
sambang doh karo para sedulur

apa kowe lali wus pirang puluh taun
nglalekake sedulur seje bapa-biyung
kang gegremetan ing salumahe bumi
nyilem sajroning banyu
lan kekleyangan ing akasa bawera

geneya kowe tawang-tawang tangis
kelangan sedulur kang tinggal donya
wingi sore

apa kowe lali olehmu gawe tatu arang kranjang
ing laladan kang kokgawe karang abang
apa kowe lali

geneya kowe tawang-tawang tangis
apa kowe lali

Trenggalek, Juni 2020

HAYU AVANG DARMAWAN

Wong Sela

apa ta kang luwih nyenengake
 kejsela andum tata
 sela nata ala
 sela mbabar krama
 sela adu catur

amung wong sela
 gamane lambe kere
 aling-alingan gema rasa

kurang weka kebak duga
 asat tama kebak lata
 banjira ngelmu
 dadia janma gugu
 moga ora gawe tatu

Rangen

aduh rangen kaki mami
 ora bisa lunja kaya padha
 milih mapan awang-awang
 methangkring pinggiring lingir

kethinhang wegah reget anyes ngeres
 kethinthing ora pengen midak papan najis
 dunungmu sawang sukerta

ora kuwawa joget cilik
 gawe nyabet jiwa raga
 cukup iki rasa mami

Bakul Abab

pah poh mancik pang garing
 lunja lunja majang paring
 sirik melik kayu jati

pah poh nangkring godhong jati
 ngumandhangke sejatine rasa
 lendhe-lendhe patine tela

pah poh klekaran iring tegalan
 crita tetela urip kang mulya
 mleroki lakuning kangkung

obral abab ngobong adab

eyang kakung luwih langkung
 ndherek langkung tata gama
 ajar sila saba rasa

Kredhit Upil

gambret reget ngrusak hawa
sasar ambeganira
ora kuwawa risih
tenan

prenthil
sithik cilik metu grumpil
elinga padha ngupil

beda dina ora dawa
seje papan ora liya

brul prenthul
metu methungul
gambret reget ambegane

jamasna aku landhung napase
adat wayah papan ana wutah
saben bisa suci dadi linuwih aji
sepira ora krasa, kebak dadi mala

Juragan Cureg

curege Mas!
bisa nggo tamba mangu
kebak kasiat kluwung klawu
gizine kanggo tambah lemu
dijamin tambah mecucu

curege Bu!
urung payu aja digugu
pancen laris sing manis-manis
apameneh dadan necis

curege Om!
apa-apa dirungu
sing gawe seneng
apa kang gawe tatu
tukua cureg iki
bisa nyaring swara nyengkling

RITA NURYANTI

Sengkuni Ilang



“Wadhuh, ana ngendi? Nganti gobyos, Sengkuni meksa durung ketemu!”

Terus, tanpa kendhat Ngadiman ngolak-alik wayang sakothak. Minangka asisten Ki Pitutur Jati, dheweke tanpa jejibahan nyiapake paraga wayang kalane Ki Pitutur nedya nggebyarake ing pakeliran.

Judheg, jibeg, gummyur, kawoworan rasa wedi matumpuk undhung ngebaki pamikire Ngadiman. Mencit tekan mbun-mbunan. Sabisa-bisa aja nganti gawe kuciwa, kepara sekeling penggalihe Ki Pitutur kang wis nganggep dheweke kaya kulawargane dhewe. Kanthi diwanek-wanekake, Ngadiman ngadhep Ki Pitutur kang lagi lelenggahan ing pendhapa.

“Nyuwun pangapunten, Ki. Menapa panjenengan mendhet Sengkuni?” lirih, ature Ngadiman. Meh ora keprungu, kegawa ora kepenake rasa.

“Ora! Coba takon Puthut. Wingi dheweke latian karo kanca-kancane!”

Cles, ana banyu anyep cumiprat ing teleng atine Ngadiman. Jebul wewayangan kang ngambra-ambra ora dadi kasunyatan. Ki Pitutur tetep adhem, ora nuduhake deduka sesithika. Ngadiman nuli jumangkah, ngener kamare Puthut.

“Mas..., Mas Puthut!” Ngadiman ndhodhog lawang kamar. “Panjenengan mendhet Sengkuni boten?”

“Ora ya, Dhe! Kanggo apa aku ngeloni Sengkuni, ngeloni guling

wae wis marem! He he he...!!!”

Puthut ngguyu cekikikan, nganggep aneh pitakone Ngadiman.

Byak-byuk pating prentul, kringet dleweran ing saranduning badan. Wangsulane Puthut pindha nglolos otot bebayune Ngadiman. Ayeming ati kanyatan mung sagebyaran. Saiki kemut-kemut tenan, kepriye pambudidayane murih Sengkuni enggal ditemokake.

“Eh, ngapa Dhe? Kok malih pucet kaya ngono?” Puthut kang sakawit nggodhani malih thukul welase.

“Lha priapun, Mas? Mangke yen pun dukani Ki Pitutur. Kejawi reginipun awis, Sengkuni menika ugi badhe kagem pagelaran malem Minggu ngajeng.”

“Ya, Sengkunine diganti Togog apa Bilung!”

"Ah, Mas Puthut menika. Kula menika ajrih saestu!"

"Mmm..., ngene wae, Dhe!" Puthut asung panemu, "taktipun kanca-kancaku, sapa ngerti ana sing nyilih ora nembung utawa tanpa sengaja nggawa."

"Nggih, Mas. Mugi-mugi wonten ingkang ngasta!"

Tanpa nunggu wektu, tangane Puthut enggal nat-nut mencet hape. Kelap-kelop, Ngadiman nunggu lan pasang kuping kanthi ati dheg-dheg pyar. Suwiii..., akeh kanca kang ditilpun Puthut. Saka tembung-tembung kang dilesanake Puthut, Ngadiman bisa nggraita yen pangarep-arepe bakal cabar.

"Waduh..., Dhe!" Puthut nglereni anggane tilpun. "Kanca-kancaku..."

"Mas Puthut..., " tanpa bisa kaduwa, kekuwatane Ngadiman pindha katarik peksa. Pikir lan rasa uga melu nggeblas, oncat ninggal rasa. Ngadiman nglumpruk semaput, tinampanan Puthut kang nuli mbengok sora nyadhong pitulungan marang sapa wae kang lagya ing daleme Ki Pitutur.

Ngadiman dadi rubungan. Murih gampang anggane ngupakara, badan kang wis tan kuwat ngglawat kasebut digotong, diturokke dhipan. Kabeh padha mbudidaya sabisanane murih Ngadiman enggal pulih temahan jati.

"He..., tangi..., tangi! Aja ethok-ethok turu kareben uwal saka tanggung jawabmu!" Swara panggetak sora nendhang-nendhang ing pangrungone Ngadiman.

"Kowe sapa?" Ngadiman nyoba miterang. Sedyane kepengin

ngimbangi ngetokake kanepson, jebul mung iku kang kawetu. Awake krasa panas, nyrememeh ora penak, lan kaku kabeh.

"Ha ha ha..., elekna mripatmu yen kowe durung wuta!" Ora mendha, swara tansaya gembleger kaya bledheg.

Ngadiman ora trima. Ing kahanan kang ora karu-karuan rasane, kok isih ana pawongan kang tegel munasika dheweke. Mbaka sithik tenagane diklumpukke, wusana..., byak! Ngadiman bisa mbukak mripate. "Hah! Kowe Sengkuni? Ngapa ngganggu gawe aku?" Ngadiman sumlengeren. Sedyane kepengin mlayu sipat kuping, kasunyatan sikile kethathelen mung glibag-glibeg ora pindhah enggon.

"Ha ha ha..., Ngadiman..., Ngadiman! Gene mung tekan sakmono kasudibyanmu!" Sengkuni ngguyun lakak-lakak kadya ngisis siyung. "Ora sumbut, ora sembada karo kemakimu!"

"Lha aku ngapa?"

"Aku ngapa, pitakonmu?" Sengkuni tansaya murina. "Dhapurmu mung minangka begundhale Ki Pitutur Jati wae sok ngewak-ngewakake! Yen karo paraga Pandhawa le mundhuk-mundhuk dielus-elus kaya mijeti bendarane! Bareng marang aku utawa para Kurawa malih srogal-srogol kaya ora dadi karepe. Apa salahku?"

Ngadiman ndlongop. Clilang-clileng golek pawadan kanggo wangsulan. Dheweke ngakoni pancen ora padha anggane ngrengkuh paraga Pandhawa lan Kurawa. Nanging rak ya lumrah, sapa wae bisa kedayan alusing budine Pandhawa

lan pokale Kurawa kang tansah ngisruh, nerak angger-angger lan ngidak-idak bebener.

"Ngapa ora wangsulan? Ateges nyata anggonmu emban cindhe emban siladan! Aku dadi kaya ngapa lan kepiye kabul wusanane rak manut purba wasesane dhalang. Sendika dhawuh, tan bisa suwala. Ngapa kowe ndadak nambahi njareming ati? Rumangsamu, awakku kokbantangi kuwi ora njalari remuk rempu? Ora mung awak, nanging ajining dhiriku uga katut kokjejuwing!"

"Hmmm.....," Ngadiman ambegan landhung. Batine mendhelong. Sasuwene iki panemune kang rinasa bener, ing cak-cakane jebul kurang pener. Tumindak ala marang pawongan kang dianggep luput, iku uga luput. Ora bener, "A..., a..., aku njaluk npangapura, Sengkuni!" Kanthi swara pedhot-pedhot, Ngadiman ngrerintih nyadhong kawelasane Sengkuni. Tangane sraweyan, nggranggeh-nggranggeh.

"Alhamdulillah..., Ngadiman wis eling!"

"Seneng tenan, aku! Jan marahi dheg-dhegan!"

"Ngadiman..., Ngadiman! Kowe ki semaput apa kesurupan?"

Pating clebung pawongan kang ngrubung Ngadiman nyuntak leganing rasa kang sakawit pating plekuk kaya diublak-ublak.

"He?!! Dha ngapa kowe? Sengkuni endi? Ngalih...,ngalih! Ngganggu gawe wae!!!" Wong-wong padha njenggirrat. Ngadiman kang dikira wis pulih jebul salin salaga. Kaya dudu karepe dhewe,

Ngadiman gumregah tangi. Mripat pendirangan, tangane nyingkang pawongan kang dianggep ngalang-alangi.

"Sengkuni....., tunggu! Aku luput..., aja kok tinggal!" Ora nggape kanan kering, tlanyak-tlanyak Ngadiman nggendring salang tunjang. Bengak-bengok ngundang Sengkuni kang wis ilang saka panyawang.

"Ngadiman.....," Wong-wong pating gedebug nututi. Cingak nyipati Ngadiman kang salin srengat.

"Ngapa ta Man..., Man!"

"Kesambet pa piye?"

"Kakehan nglantur pikirmu! Dadi wheeeengngl!!!"

Ngoyak sawetara jangkah, Ngadiman klakon kecandhak. Mberot, nedya ucul. Ora gelem kalah, kang padha nyekethem tansaya kenceng. Kayadene kepikut, Ngadiman diglandhang mlebu dalem Ki Pitutur Jati. Karana ora kena disaranani, Ngadiman digawa menyang Klinik Lali Jiwa.

Sapungkure Ngadiman, Ki Pitutur Jati dheleg-dheleg. Lelakon kok nganeh-anehi. Sengkuni ilang, Ngadiman dadi owah pikiran. Ana bab kang ora beres, apa sadarma kedadeyan kang lumrah wae?

"Badhe pun udhari kanthi wantah menapa ngelmu panarawang, Ki?" Bardi, tenaga kang kapatah ngurusi gamelan ndheprok ing jejere Ki Pitutur Jati, kumawani takon.

"Wantah wae, Di! Sapa ngerti pancen ilang tenan. Yen mung ditrawang, aku wedi malah

ndedawa perkara, ndumuk kang ora luput."

Bardi manthuk-manthuk.

"Kana, Di! Undangna Puthut!"

Tanpa mindhon gaweni, Bardi sendika dhawuh. Puthut uga enggal sowan, ngestokake dhawuhe Ki Pitutur murih menyang kantor polisi, lapor bab ilange Sengkuni. Ora mung kandheg samono, Puthut uga nyebar tulisan ing papan-papan kang dianggep rame, wara-wara anane patembaya. Sapa wae kang bisa nemokake Sengkuni, bakal antuk bebana sepuluh yuta.

Geger. Wong sakabupaten padha umyeg bab ilange Sengkuni. Sepuluh yuta-e, lumayan! Kanggone buruh, nyambut gawe setengah taun durung mesthi bisa nglumpuk sakmono. Mula akeh kang banjur sigrak tumindak. Sesidheman utawa terang-terangan, padha madik-madik nggoleki dununge Sengkuni.

Daleme Ki Pitutur Jati ora tau sepi. Para wiyaga lan abdi gentenan njaga posko, ngawekani menawa ana warga kang laporan bab murcane Sengkuni, murih Ngadiman pulih kaya wingi uni.

"Piye, wis ana trontong-trontong durung?" Ki Pitutur kepareng tindak ing posko.

"Dereng wonten ingkang gumathok, Ki?" wangsulane Bardi.

"Karepe, piye?"

"Ngaten, Rama!" Puthut atur wangsulan, "kathah ingkang nedahaken menawi Sengkuni

ketingal ing kantor niki, kantor nika, ing peken, ing swalayan, utawi ing restoran ageng, nanging sauger pun caket, Sengkuni sampun boten ketingal ing sakedheping netra."

"Mmm..., ngono ya?" Ki Pitutur ngeningke cipta, ngulir budi, "ayo Thut, aku terna mubeng-mubeng kutha. Numpak motor wae, ben cepet lan gampang ndlesep."

Puthut enggal tumandang. Ngetokke motor, nganggo helm, Ki Pitutur mbonceng. Kanthi lon-lonan, motor ninggal plataran. Panyawange Puthut manther ngawasi dalan, dene Ki Pitutur mengo ngiwa nengen, mbokmenawa ana sisik melik.

"Thut, minggir dhisik! Kae ana rubyung-rubyung!" Ki Pitutur njawil bangkekane Puthut.

Srettt!!! Motor direm. Ki Pitutur mudhun. Durung nganti jumangkah, kang sakawit padha arerubung malih saling tunjang sajak ana kang diluru. Saking kemrungsunge, ora sithik kang nyenggol Ki Pitutur.

"Ana apa ta iki?" Ki Pitutur bingung.

"Oh, njenengan Ki?" Sajake ana kang tepung Ki Pitutur. "Niki wau Sengkuni mbabar piwulang. Lha ngertos Ki Pitutur rawuh, nggih lajeng ngilang!"

"Sik..., sik! Sengkuni menehi wejangan? Bab apa? Jare yen dicedhaki nglungani?"

"Kesah niku rak yen sing nyedhaki badhe nyepeng lajeng pun serahaken panjenengan, Ki. Yen namung badhe mirengaken, jan gayeng!"

"Medhar bab apa?"

"Kathah, Ki. Upaminipun, nggayuh kamulyan menika saged mawi cara menapa kemawon, kalebet nyikut kanan kering. Awit menawi boten makaten, nggih awakipun piyambak ingkang dados banten? Pun kathah lho Ki, ingkang meguru dhateng Sengkuni!"

"Weee..., lha!" Ki Pitutur gedheg-gedheg. "Ya wis Kisanak, matur nuwun!"

"Sami-sami, Ki!"

Ki Pitutur Jati ngajak Puthut bali. Tekan dalem ganti ageman ireng komprang kayadene kaki-kaki ing karang padesan. Njupuk caping, sandhal japit, nuli enggal nyengklak pit onta kang arang dinggo. Pitakone Puthut, Bardi, kepara garwane ora digape. "Ngko..., "mung iki wangsulane.

Ki Pitutur milang-miling ngiwa nengen kanthi kebak pangarep-arep. Setengah jam ngonthel pit, durung ana pituduh kang dikarepake. "Leren sik, pa ya?" batine Ki Pitutur. Ndilalah ana cakruk ing kiwa dalan. Ki Pitutur mandheg, medhun saka pit, lungguh ing cakruk.

"Kang..., Kang! Ayo na lapangan!" Satengahe Ki Pitutur leyeh-leyeh, ana pawongan liwat lan ajak-ajak.

Ki Pitutur mesem. Lega, anggone nyamar ora kawistara. "Ana apa, Kang?"

"Anu..., Sengkuni andum dhuwit ing lapangan."

"Ya wis, ayo takgoncengke!"

Nadyan rada kabotan, krengkat-

krengket, Ki Pitutur nggoncengake pawongan kang lagi wae anggone tepung. Tekan lapangan, therek-therek, akeh pawongan antri nunggu giliran antuk dum-duman. Ki Pitutur mbenakake caping, melu suk-sukan antri. Lesane tansah ndonga, muga-muga Sengkuni ora mangerteni.

Mbaka sapecak, antrian saya maju. Tan wurunga, Ki Pitutur uga dheg-dhegan, wedi yen nganti cabar. Tekan ngarepe Sengkuni, kalane tangane kumlawe nedya ngulungake amplop, "Ceggg!!!" Kanthi trengginas, Ki Pitutur nyekel tangane Sengkuni.

"Heeee!!! Sapa kowe, kendel timen nyekethem tanganku!" Sengkuni bangga, nanging meksa ora bisa uwal.

"Sengkuni..., "alus, pangandikane Ki Pitutur.

"Ki Pitutur?!!" Sengkuni kaget. Ora ngira ketekan dhalang kang wis puluhan taun ngopeni dheweke. "Suwarane Ki Pitutur ora manglingi, nanging geneya ndadak namur laku?" Sengkuni kemropok jroning batin.

"Papanmu dudu ing kene, ayo bali!" Ki Pitutur ngelus pundhake Sengkuni.

"Lha kula jeleh lho, Ki! Mosok sing elek-elek dikekke kula. Durung ngerti kenthang kimpule sok wis dha nyalahke. Malah, angger ana wong julig, licik, diarani Sengkuni. Nylekit boten nek ngoten niku? Lha padha-padha dadi paran cucuhan, mbok empun sisan nyebar wisa. Kula pengen dados

agen. Agen kadurjanan. Kantun thenguk-thenguk nunggu kethuk, para gedibal ingkang ndhedher angkara."

"O, ngono? Ya ora pa pa! Paling bakal takkunjara tumeka kukuting donya! Kepengin apik ki ya tobat, ndandani pakarti. Ora malah kakehan trekah kaya ngono!"

"Ampun Ki..., ampuuuun!!! Kula kapok!" Sengkuni ndheprok, dheku-dheku ing padane Ki Pitutur.

Ki Pitutur ora mangsuli. Ngubengake panyawang, sajak ana kang digoleki. Jebul akeh kang ngrubung, meneng kamitenggengen. Saka kadohan ana polisi loro ngawasi, uga Puthut lan Bardi lagi medhun saka mobil. Ki Pitutur ngawe. Polisi, Puthut lan Bardi, tumuli mrepegi.

"Pun Pak Polisi, kula mawon ingkang ngrampung!!" ngendikane Ki Pitutur. "Bardi, kowe bali nggawa pit, aku tak karo Puthut!"

Kabeh nayogyani. Sengkuni digeret lungguh mburi, jejer Ki Pitutur. Tanpa diabani, kang padha nyekseni keblok mawurahan anjurung Ki Pitutur kang wis bisa mikut tukang slinthat-slinthut bebener.

"He he..., padha takapusi. Aku mung kapok lombok!" Sengkuni mesem. Batine kroncalan, lunjak-lunjak.

"Sajak ana sing disingidake!" panglocitane Ki Pitutur. "Saupama Sengkuni eling sangkan paraning dumadi..., "

(Puri Handayani, 151119)

NOVIANI LESTARI

Aruni

SHASHI

Langit mendhung. Gerimis riwis-riwis wis wiwit tumiba seka langit. Mangu-mangu aku ngetokake sepedha motor seka garasi. Sepedha motor nuli takpanasi. Tanganku ngrogoh hape ing sak rok irengku.

"Mbak, omahmu udan ora?"

Mangkono wasap-ku marang Mbak Aruni. Aku nunggu balesan wasap-e karo ngilo ana spion motor, ngratakake wedhak ing pipi sing rada kurang rata.

"Ora, Ndhuk. Mung mendhung." wasap-e Mbak Aruni mlebu ngendhegake aktivitas-ku ngratakake pupur.

"Ya wis, aku otw saiki wae, Mbak."

Aku langsung ngegas sepedha motorku, nuju omahe Mbak Aruni. Wis telung taunan kayane aku ora mara ing omahe. Tekan ngarep omahe, jebul lawang wis mbukak. Mbak Aruni metu sambel jungkatan.

"Piye kabare, Ndhuk?" takone karo nyalami lan ngrangkul aku kenceng. Cipika-cipiki.

"Apik, Mbak. Tambah ayu e, Mbak?" takonku karo ngguyu. Aku ora goroh. Pancen Mbak Aruni tambah ayu saiki. Wedhake tipis-tipis, tetep katon ireng manise. Lipstike warna pink, ora menor nanging katon manis, cocok banget.

"Halah... Kowe ya wis gedhe saiki.

Wis tambah ayu. Pisanan mrengis isih cilik kae. Saiki wis duwe pacar durung?" kandhane karo ngguyu.

Aku ora wangsulan, mung ngguyu banjur lungguh ing kursi. Kursi penjalin iki isih padha karo sing mbiyen. Mbak Aruni nuli mlebu njupukake wedang. Kanthi sumanak, aku dikon ngombe. Ora lali nyamikan ya disuguhake. Mbak Aruni pamit mlebu sedhela, arep krudhungan dhisik. Aku nunggu ana emper omahe. Mripatku nyawang foto kang tumemplek ing tembok, foto wisudhane Mbak Aruni. Wah, keren, Mbak Aruni saiki wis sarjana.

"Kangmasmu lulus durung?" keprungu swara pitakone Mbak Aruni seka njero kamare.

"Durung, Mbak," wangsulanku cekak.

Batinku ngguyu. Mbak Aruni ki ora wasap, ora BBM, ora kepethuk langsung, mesthi mung nakokake kangmasku. Asal muasale Mbak Aruni cedhak ro aku ki kayane ya merga niat mbribik kangmasku kok. Nanging suwe-suwe ya bisa cedhak tenanan. Aku seneng wae, kaya duwe mbakyu.

"Ah pancen skripsi ki njelehi kok," kandhane Mbak Aruni karo metu.

Dheweke saiki wis krudhungan rapi.

"Wis gek dientekke wedange, gek budhal saiki wae," kandhane sambel nganggo kaos kaki.

Aku manut. Wedang langsung takentekake. Bubar iku, wong loro langsung metu seka omah.

"Kowe ngarep pa, Mbak? Nggo motorku isa?" takonku marang Mbak Aruni.

"Emoh, ra isa numpak motor." wangsulane karo ngguyu.

Aku ngguyu. Mbak Aruni nuli takboncengake nuju sekolah, syawalan sisan reuni.

"Kangmasmu kok ra melu sih?" Mbak Aruni grundelan.

Aku nyengir. Naha ta, kangmasku maneh sing dirembug. Pancen ganteng tenan kok kangmasku ki, bisa gawe Mbak Aruni kayungyun mangkene.

"Kangen pa, Mbak?" takonku mancing. Ndhisik jaman isih kuliah, Mbak Aruni mesthi isin-isin yen taktembak ngene. Mung ndhungkluk karo mesam-mesem, apa malah nggabloki gegerku. Nanging saiki beda. Mbak Aruni wis luwih wani ngakoni pangrasane. Dheweke ngguyu renyah karo ngomong, "Ho'oh e."

Sadawane dalan, malah nganti acara syawalan, aku lan Mbak Aruni tansah omong-omongan gayeng. Aku malah bisa curhat barang. Nyritakake sapa cah lanang sing taksenengi, nyritakake gegayuhanku, lan liya-liyane. Akeh banget pokoke. Dhasar Mbak Aruni wonge supel, cerewet, akeh ngomonge, ekspresif maneh, dadi aku ora jeleh omong-omongan karo dheweke.

"Seneng ya, Mbak, yen duwe tunggal wedok ki?" takonku alon.

Mbak Aruni ngguyu renyah.

"Yen kangmasmu rabi ya kowe bakal duwe mbakyu, Ndhuk," kandhane karo tetep ngguyu. Aku melu ngguyu. Mendah senenge menawa Mbak Aruni kelakon dadi Mbakyuku.

"Salam nggo kangmasmu ya,

Ndhuk,” kandhane nalika dheweke wis takterake tekan ngarep omahe. Aku mung mesem, banjur pamit.

BAGASKARA

“Mas Bagus, oleh salam seka Mbak Aruni.”

Aku mesem tipis nalika maca wasap-a Shashi, adhiku. Ah, Aruni. Dheweke iku adhi kelasku nalika SMA. Wiwit ndhisik senengane kirim salam-salam ngene liwat adhiku. Sakjane sakjroning atiku wis nggraita menawa dheweke ana kawigaten kang mirunggan marang aku.

“Salam balik ora, Mas?” Adhiku nge-wasap maneh. Ealah. Malah dheweke sing semangat. Adhiku pancen seneng nggarapi aku kok. Ngreti wae yen kangmase mesthi salah tingkah yen wis disalam-salami lan diajak ngomongke Aruni mangkene.

“Yoh. Salam balik.” cekak wangsulanku.

Shashi ora mbales maneh, paling saiki adhiku kuwi lagi wasap-an karo Aruni, cekikak-cekikik ngana kae kaya biasane. Wingi sakjane Shashi ngakon aku mangkat syawalan supaya ketemu Aruni, jare Aruni kangen marang aku. Nanging aku ora bisa, ana gawean sing kudu takrampungake. Sakliyan kuwi, aku ya durung siap ketemu dheweke.

RADITYA

Aku isih nyethuk ngrekap bijine murid-muridku ing laptop nalika Shashi, adhi ragilku grubyak-grubyuk mlebu metu omah embuh golek apa. Aku mung ngilirik sedhela.

“Mas Radit, aku budhal ya?” pamite marang aku.

“Arep menyang ngendi?” takonku. Mripatku tetep ngadhep komputer.

“Ne Mbak Aruni. Arep gawe sup

buah.” wangsulane karo nuduhake kates, gedhang lan pakel asil panen mburi omah kang wis diwadahi kresek.

“Heh? Aku gawakke mulih.” kandhaku. Ngombe sup buah ing tengahe awan sing panas ngenthang-enthang ngene mesthi seger banget.

“Ya mengko.”

Tenan, rada soren-soren kae Shashi bali nggawa telung plastik sup buah gaweane kenya sing jenenge Aruni. Nalika aku takon ngapa kok akeh nggawane, jare nggo jaga-jaga mengko mbok menawa Bagus mulih. Kamangka ya Shashi wis kandha yen dina iki Bagus ora mulih, nanging pancen Aruni iku ndableg kok, dadi tetep wae digawani akeh. Ah, begjane Bagus adhiku ditresnani kenya sing jare ayu tur pinter mangsak ngene.

SHASHI

Mbak Aruni curhat marang aku, jare mau bengi bubar ditampik Mas Bagus. Aku anyel. Sakjane Mas Bagus ki seneng marang Mbak Aruni, nanging dheweke durung siap, durung wani yen ing wektu cedhak-cedhak iki nglamar menyang omahe. Mas Bagus malah nyumanggakake menawa ana priya liya sing seneng marang Mbak Aruni.

“Apa karo Mas Radit-ku wae, Mbak?” mangkono wasap-ku. Mas Radit wis umur nanging durung duwe gandhengan. Aku wis tau crita marang Mbak Aruni menawa ana sing tau arep tenanan karo aku, nanging mundur amarga aku kakehan pelangkah. Yen Mas Radit dadi karo Mbak Aruni lak lumayan ngelongi pelangkahku siji.

Mbak Aruni rada suwe olehe mbales wasap-ku. Sajake dheweke lagi mikir-mikir. Dheweke pancen durung tau ketemu karo Mas Radit, mung asring takritani lan ndelok-ndelok foto ing hapeku.

“Umur pira?” takone.

“Telung puluhan.” wangsulanku cekak.

Mbak Aruni nuli takon-takon ngenani kangmas mbarepku iku. Ora akeh sing ditakokake. Mung wis kerja durung, udut apa ora, sholate jamaah apa ora.

“Genteng ra?” takone guyon.

“Jelas lah. Cakep tur gemati.”

Ora butuh wektu suwe, Mbak Aruni wis mantep manawa dheweke gelem njajal tepungan karo Mas Radit. Aku mesem. Wis lah karo kangmasku sing endi wae, sing penting Mbak Aruni sida dadi Mbakyuku ngono aku wis seneng.

ARUNI

Aku ngantu-antu pawartane Shashi. Wis rong dina iki dheweke ora wasap aku. Kayane wasap-e malah ora aktif barang. Atiku rada goreng. Gek-gek neng omahe ana gara-gara apa malah brantayuda ngono.

Ing ati aku ngarep-arep dheweke bakal mara mreng karo kangmase sing mbarep. Wis lah, aku sayah kepok sesisah marang Mas Bagus. Aku kepengen sesambungan sing tenan, sesambungan sing diwasa.

Dina ketelu, Shashi wasap aku, kandha menawa kangmase mbarep wis wangsulan emoh. Patah hati maneh aku. Kayane aku ya ora tau mangan ana tengah lawang kok ya isih ditampik jaka lho, malah loro, kakang adhi sisan sing nampik aku. Jan.....

Aku unjal ambegan landhung. Aku ra ngreti ana kedadean apa ing omahe Shashi, ana rembugan apa ing antarane dheweke karo kakang-kakangne. Wis iku dudu urusanku. Sing baku, Shashi isih oleh nganggep aku Mbakyune, isih oleh curhat-curhat karo aku, isih oleh dolan ing omahku lan mangsak-mangsak bareng aku.

Desa Mawa Cara, Negara Mawa Tata

Saben papan panggonan nduweni paugeran dhewe-dhewe





Foto: Dhimassetiyoko

AY. SUHARYONO

Goreh

Tes....

Ora krasa eluh metu, ndleweri pipi kiwa tengen. Sesawangan dadi blawur, aku unjal ambegan landhung ngguwang rasa seseg sing dadakan mgebaki dhadha. Anakku sing isih turu nglinteg iku taksawang, njalari kelingan lbune, kang wis katimbalan Gusti setaun kepungkur, awit rupane anakku pancen persis lbune. Bathuke takgrayang, isih krasa panas amarga sawatara dina anakku pancen lara. Sanajang wis tak obati, nanging ora suda kepara malah saya banget. Siji-sijining dalan pancen priksa dhokter utawa digawa neng rumah sakit amrih ora matiri.

Yaiki bingungku, banjur dhuwit saka ngendi wong B.P.J.S. ora duwe. Nyambut gawe minangka kuli pasar asile ora sepiroa, wis ngono sawetara sasi pasare sepi. Sisihanku rikala isih urip pagaweyane minangka buruh umbah-ubah sandhangan, sing opahe ya mung sethithik. Arep utang tangga teparo jelas ora wani, utangku wis mubeng nganti ora bisa nyaur.

Thok ! Thok ! Thok !

"Kula nuwun, Pak Siman"

Keprungu wong uluk salam karo nothok lawang, nitik suwarane genah Pak R.T. Banjur kagungan kersa apa, ngono batinku jroning ati. Lawang takbukak, Pak R.T. wis jumeneng neng ngarepan. Nitik ngagem busana necis, mbokmanawa arep tindakan. Gurawalan anggonku ngaturi tindak mlebu lan lenggah. Wusana aku nyuwun prisa.

"Kok kadingaren Pak R.T. Wonten dhawuh?"

"Ngaten Pak Siman. Mangke menika rak pepanggihan warga siskamling tingkat R.W. kleresan kula wonten acara ing luar kota kalih dinten ingkang mboten saged kula tilar."

"Inggih, Lajeng?"

"Kula badhe titip arta kas siskamling, Pak. Ndherek kaaturaken Pak R.W."

"Wonten pinten, Pak?"

"Kawan atus seket ewu rupiah, kaliyan lampiran laporan keuangan."

"O, inggih, mangke kula aturaken Pak R.W."

"Matur nuwun, Pak Siman."

"Sami-sami Pak R.T"

"Kula lajengan nyuwun pamit."

"Ndherekken Pak R.T"

Pak R.T. jumeneng, tak dhereke tekan ngarep omah. Pancen wis mujudake sawijining tradhisi ing kampungku, saben wengi diadani siskamling utawa rondha lan padha nyedhiani dhuwit jimpitan sing dipasang ing lawang. Ing aturan saben omah pasang Rp 500,-, nanging nyatane padha punjul racake pasang Rp 1.000,- kepara luwih. Siskamling ana penguruse, kang telung sasi sepisan ngadani rapat ngrembug sawernaning kegiatan, klebu simpan pinjam lan kegiatan liyane.

Bali mlebu ngomah amplop sing neng meja tak bukak, isine dhuwit atusan ewon patang lembar lan eketan ewon selebar iki mengko bengi sing arep tak caoske Pak R.W. kaya pesene Pak R.T. Ning dadakan, sirrrr.... dhadhaku gemeter, anakku lagi lara lan aku

nggegeng dhuwit sanajang dudu duwekku. Kena apa ora takenggo mriksakke dhokter lan tuku obat, iki rak luwih migunani, arep nyilih pengurus ora wani, awit utangku telung sasi kepungkur babar pisan durung nyicil.

Prekara mengko bengi piye, ora tak pikir wong Pak R.T. ora rawuh. Sing penting anakku mari mula gage njupuk jarang anget kanggo ngesiki rai lan awake bocahku sing isih teturon, banjur sandhangan ya taksalini. Nalika rambute tak jungkati, dheweke takon.

"Arep neng endi ta, Pak ?

"Prika neng rumah sakit, ya, panase Nining ora medhun-medhun Bapak kuwatir, je."

"Neng Puskesmas, Pak ?

"Ora, neng Puskesmas ndhak kesuwen, neng rumah sakit wae kejaba cepet uga dhoktere ahli."

"Aku durung sarapan, Pak. Wetengku ngelih."

"Yoh, maem sega apa jenang?"

"Jenang, Pak, nggone Bu Surat ngarepan kuwi. Cedhak tur enak."

"Dienteni sedhela, ya."

Nining manthuk, gegancangan aku njujug warunge Bu Surat. Katon Pak Dwija sing omahe wetanku uga lagi nggenteni didoli karo main H.P. Wusana tuwuh niatku njaluk tulung pesen taksi sanajan jaman saiki sing jenengne H.P. wis ngembrah, malah saben wong nduweni punjul saka loro nanging babar pisan aku ora suwe. Biyen pancen tau duwe, nanging kepeksa takdol kanggo nyukupi butuh. Nalika Pak Dwija rampung telpun alon-alon aku mbukani rembug.

"Pak Dwija"

"Wonten menapa Pak Siman?"

"Ngaten, Pak, anak kula Nining rak nembe sakit lan badhe kula beta dhateng rumah sakit."

"O, inggih, lajeng ?"

"Menapa saged nyuwung tulung pesen taksi ngagem H.P. Panjenengan?"

"Kagem ngeteraken Nining dhateng rumah sakit?"

"Leres, Pak."

"Saged, Pak. Kula telpunken. Mangke jam pinten?"

"Antawis setunggal jam malih, amargi badhe maem rumiyin."

"Inggih, Pak. Kula telpunken samenika."

"Matur nuwun, Pak Dwija."

"Sami-sami, Pak. Mugi-mugi keng putra enggal dhang kados wingi uni."

"Inggih."

Rasaku dadi lega, rampung pesenanku didoli aku gage bali lan ndulang Nining sisan aku sarapan. Sawise rampung-rampung anakku gage tak gendhong, njujug dalan gedhe saperlu nunggu taksi lan kepeneran wis teka lan banjur bablas nggawa aku sakloron.

"Mangke dipun tangga mboten, Pak?" pitakone Pak Sopir.

"Inggih, supados kula mboten repot."

Tekan rumah sakit njujug bagian mligi pasien kanggo bocah. Rasa ayem ngrenggani ati awit kahanane sepi lan Nining bisa langsung diprika dokter.

"Kados pundi anak kula, Dhok ?" pitakonku was-was.

"Mboten menapa-menapa kok namung flu biasa."

"Lajeng?"

"Menika kula sukani resep.

Obatipun saged dipun pendhet ing apotek."

"Inggih, matur nuwun, Dhokter."

"Yen tindak apotik mboten sah medal. Rumah sakit mriki wonten apotekipun, kok."

"Sisih pundi, Dhok?"

"Sangajeng bangsal Blok A, jejer ruang Administrasi. Bapak babar pindhah mbayar."

Aku manthuk karo nggendhong Nining, sawise pamit banjur njujug apotek lan mbayar ragad priksa. Metu saka rumah sakit lakuku kandheg, awit mripat meruhi toko swalayan kang njalari kelingan yen ngomah wis entek-entekan, saka gula, teh, beras, sabun, embuh apa maneh sing cetha kabeh gusis malah listrik wae ya durung takbayar. Mikir kaya ngono mau, tanpa mikir dawa Nining tak titipke sopire taksi sing isih nunggu, banjur njujug toko swalayan lan njupuki barang-barang sing takbutuhke. Rasaku dadi lega, sakabehing kebutuhan ngomah wis nyukupi.

Tak etung-etung kanggo priksa, nebus obat, tekane mbayar taksi entek 425 ewu rupiah, turah Rp25.000,- . Ora papa, wong ya mengko bengi Pak R.T. ora rawuh ing rapat siskamling, dadi aku ayem wae sing penting urusan pribadhiku wis beres. Surup nggremet, jam kang cemanthel ing dhuwur lemari jarume nuduhake angka 6. Srengenge wis angslup mengulon, nuwuhake layung sing rupane semburat abang. Nining tak dulang lan tak obati, ana rasa lega awake wis ora pati panas, sesuk utawa suk emben yen wis mari bisa tak tinggal neng pasar kanthi pangajab oleh rejeki.

"Mengko tak tinggal rapat ya Ning."

"Iya, Pak, rapat neng endi?"

"Ing dalame Pak R.W."

"Sawise ngombe obat anwakku kepenak kok, Pak."

"O, ya sukur, terus kapan mlebu sekolah?"

"Durung ngerti, suk dikabari Bu Guru."

Aku manthuk, Nining pancen isih sekolah ing T.K. kecil. Rehne sekolahane mono cedhak lan isih sakampung mula aku ya tenang wae nek tak tinggal. Mulih sekolah mesthi mampir omahe kanca nunggu aku bali nyambut gawe. Wong ya minangka kuli pasar aku bebas nemtokke kapan teka lan mulih, lan sing gawe ayam tangga teparo uga padha gelem mbiyantu. Mung wae kanthi anane ontran-ontran korona, sekolah prei embuh tekan kapan muga-muga enggal lerem, kanthi mangkono aku bisa makarya kanthi ayam kaya wingi uni.

Watara jam 7 kurang limang menit aku wis tekan daleme Pak R.W, sing

rawuh wis katon akeh. R.W. ing kampungku dumadi 5 RT, lan Pak R.T. padha katon ngadhep Pak R.W. saperlu laporan keuangan lan setor dhuwit. Rehne aku ngrumangsani yen ora nggawa dhuwit titipane Pak R.T., mula aku trima lungguh mburi cedhak lawang. Wusana adicara siji lan sijine lumaku kanthi rancag, saka ngrembug kegiatan, sosial, keuangan lan sapiturute. Mung wae kok ora nyenggol keuangane R.T.ku, senjata krasa lega ananging uga tuwuh pitakon jroning ati, njur kepiye mengkone.

Muga-muga wae nganti pungkasan acara prekaraku ora diuthak-uthik. Ewa semono aku kudu setiyar kepiye carane mbalekke dhuwit nalika kabeh adicara wis kaleksanan, rasake dadi ayam mung wae nalika unjal ambegan landhung dadakan Pak R.W. ngendika.

"Sasampunipun adicara dipun pungkasi, kuila suwun Pak Siman lan Nak Tony kantun rumiyin nggih, awit wonten ingkang badhe kula aturaken."

Mbaka siji para bapak padha pamit sing keru mung aku lan Tony, dheweke mono putrane Pak Mangun sing omahe isih tunggal R.T. karo aku.

"Ngaten Pak Siman, Pak R.T. rak titip arta kaliyan panjenengan. Nah, Pak Mangun nembe sakit jantung lan stroke, kawontenanipun sanget muta watosi.

"Inggih, Pak," wangsulanku wiwit geter.

"Arta wau badhe kula caosaken Nak Tony minangka pinjaman kagem nragati Pak Mangun ing rumah sakit. Mila kangge R.T. panjenengan wau mboten kula lapurken awit kawontenanipun matosi lan kedah dipun preksa dalu menika ugi.

Pasuryane Pak R.W. lan mripate Tony manther nyawang raiku nunggu wangsulanku, awakku dadi gemeter lair batin krasa goreng ora bisa wangsulan, ing njaba keprungu ocehe manuk ngrenggani wengi kang sepi.

G.M. SIGIT NURCAHYANTO A

Kenya Cilik Dodolan Dimik

DENING: HANS CHRISTIAN ANDERSON



Adhem kang paling njekut; salju tumiba nggrejih ing surup kang saya peteng, surup pungkasan taun iki. Sadawane dalan kang adhem lan peteng ana Kenya cilik mlaku tanpa kudhung lan ora sandhalan. Nalika mengkat seka omah dheweke sandhalan, ananging apa gunane? Sandhale sandhal gedhe kang mung pas dianggo lbune. Dheweke kelangan sandhale nalika arep nyabrang dalan. Wektu kuwi ana kreta jaran kang mlaku banter tumuju dheweke lan sakal dheweke nginggati supaya ora ketabrak, sandhale kang gedhe kuwi ucul seka sikile kang cilik.

Kenya kuwi ngupaya nggoleki sandhale kang sebelah ananging ora ditemokake ing endi-endi lan sijine meneh wis bablas digondhol bajing kang mbokmenawa migunakake kanggo papan peturone anake. Kenya cilik kuwi terus mlaku sadhuwure salju

kang anyep njekut tanpa nganggo sandhal saengga dlamakane semu abang biru. Dheweke nyangking kranjang kebak korek jres kang ditutupi nganggo serbet tuwa lan ing tangane nyangking sawetara korek jres kanggo didol. Ananging, sadawane dalan ora ana wong sing nukoni korek jres mau lan menehi dhuwit dheweke.

Kenya cilik mau mlaku kanthi awak kang gemeter amarga kadhemen lan ngelih, sawijining gegambaran kenya kang kacingkrangan, sawijining gegambaran kang nrenyuhake. Rambute Kenya cilik kuwi kang dawa lan rada ngombak sadawane gulu kuwi katon semu putih diwur-wuri salju saka langit. Ananging Kenya kuwi ora ngrumangsani ayune dhewe. Saka suwalike jendela-jendela omah kang diliwati katon lilin-lilin kelap-kelip nengsemake. Ganda bebek panggang kang enak seka njero omah-omah kuwi kesedhot irunge.

Kenya cilik kuwi kelingan menawa bengi iki bengi malem taun anyar.

Ing pojokan gang omah, dheweke lungguh ngringkel. Sikile dikekep tangane nganti mepet dhadhane kanggo ngilangake hawa adhem, nanging dheweke krasa saya kedhemen. Kenya cilik kuwi ora wani bali omah amarga durung kasil ngedol saiji-iji korek jres lan blas ora nggawa dhuwit. Bapakne mesthi bakal nesu. Ing jero omah dheweke uga bakal tetep kadhemen amarga wuwungan omahe ora rapet marakake angin kang tumiyup mlebu ing sela-selane wuwungan kang mung ditutupi dami lan kain.

Tangan cilike meh mati rasa nahan adhem. Dheweke mikir menawa korek jres kang digawa bisa gawe anget awake. Mula dheweke jupuk dimik lan nggeseke dimike ing tembok kanggo ngangetake tangane. Dheweke jupuk sagegem lan “jresss” genine murub. Genine

ngangetake lan madhang kaya urube lilin. Kenya cilik kuwi nyedhakke tangane lan clathu “temen-temen cahya kang endah iki”. Genine murub padhang nyenengake. Kenya cilik kuwi krasa menawa dheweke lagi lungguh sangarep prapen wesi kang gedhe kanthi ukiran kuningan sadhuwure. Geni murub kebak berkat anget lan nyenengake. Dheweke banjur slonjor, nyoba ngangetake sikile. Ananging nalika geni cilik kuwi mati, prapen kuwi ya melu ilang lan kang katon mung sadimik korek jres kang entek kobong.

Kenya cilik kuwi ngurubake dimik korek jres meneh lan kasil murub padhang. Nalika dheweke nyedhakake dimik mau menyang tembok, keajaiban dumadi. Tembok kuwi malih dadi transparan kaya kain tipis saengga dheweke bisa ndeleng sajeronne ruangan kuwi. Katon ana meja kang ditutupi taplak putih sawerna salju. Sadhuwure ana porselen kang endah. Suguhan angsa kemebul kathi isian apel lan prem garing. Lan ajaibe meneh, suguhan bebek kuwi tiba saka piring lan glundhung ing jobin tumuju marang kenya cilik mau. Ananging nalika dimik korek kuwi mati genine, sakal ilang sakabehe. Kang keru mung tembok kandel kang anyep lan lembab.

Dheweke nyumet dimik korek meneh. Saiki deweke krasa lagi lungguh sangisore wit Natal kang gumebyar. Wit Natal kuwi kepara luwih gedhe lan akeh hiasane tinimbang kang tau diweruhi ing jendela omahe sodagar sugih kang tau diliwati. Ewon cahya murub ing pang-pange kang ijo

kanthi hiasan maneka gambar kang cerah kang tau diweruhi ing jendela-jendela toko nalika diliwati. Kenya kuwi ngulungke tangane kepingin ngranggeh wit Natal kuwi, ananging geni seka dimike mati. Cahyane wit natal kuwi munggah sadhuwur-dhuwure tumuju langit lan katon kaya lintang ing swarga. Mbaka siji bintang-bintang kuwi tiba lan nipakake buntut geni kang dhawa.

“Ana kang lagi wae mati!” pambengoke Kenya cilik kuwi. Biyen simbahe, siji-sijine wong kang nresnani dheweke saiki wis tilar Donya. Simbehe tau ngendika menawa ana lintang alihan, bakal ana sawijining roh kang sowan Gusti.

Banjur Kenya cilik kuwi ngurubake dimik korek meneh. Cahyane saiki banget padhang lan sunare madhang simbahe kang lagi ngadeg kanthi pasuryan kang sumringah sumunar. Pasuryan kuwi ayam sumunar kebak asih tresna.

“Simbah!” pambengoke Kenya cilik kuwi. “Oh, aku dherek, Mbah! Menawa cahya dimik iki mati Simbah bakal ilang kaya ilange prapen kang ngangeti awakku, bebek panggang kang enak, lan wit Natal kang gedhe mau!”. Kanthi cepet Kenya cilik mau ngurubake kabeh dimik supaya tetep padhang lan simbahe tansah ngancani lan ngayomi dheweke. Cahya dimik kuwi banget anggone padhang lan luwih padhang, padhang kaya rina. Sadurunge, Kenya cilik kuwi ora nate meruhi simbahe ayune kaya sing diadhepi saiki. Simbahe banjur nggandheng tangan cilik Kenya kuwi. Sakloron banjur mabur

dhuwur sadhuwur-dhuwure kanthi rasa ayom ayem lan sumringah. Ing dhuwur kana kekarone ora ngraskake maneh adheme salju, luwe, utawa nelangsa. Kekarone wis manggon ing daleme Gusti.

Nalika rahina sumunar lan adhem isih gegubengi. Katon Kenya cilik kuwi isih lungguh ing pojokan gang. Pipine katon semu abang lan lambene mesem, sumendhe ing tembok, njekut kaku lan mati ing wengi taun anyar. Awake kaku sumandhing sakranjang dimik korek jres kang wis gusis kobong. “Dheweke kepingin ngangetke awake,” ujar salah sawijining wong kang weruh. Ora ana kang ngerti lan mbayangake babagan-babagan endah kang wis dideleng, ora ana kang kuwawa ngranggeh impen-impene. Kenya cilik kuwi lan simbahe wis lumebu ing suka-parisukaning taun anyar.

*Judhul asli “The Little Match Girl”
Pengarang: Hans Christian Andersen.
Hans Christian Andersen (1805-1875)
sawijining penulis lan penyair saka
Denmark. Dheweke uga nulis maneka
warna karya kalebu drama, novel,
lan puisi. Karya-karyane Anderson
populer ing kalangan bocah-bocah
lan diwasa. Racake saben negara wis
mangerteni popularitas karyane Hans
Christian Andersen kang tansah narik
ati lan duweni pesen-pesen moral
kanggo ngadhepi urip lan panguripan.
“The Little Match Girl” dadi salah
sawijining karyane H.C. Anderson kang
kaloka lan nrenyuhake, dieling-eling
dening para penggemar saindhenging
donya lan ngluwihi jamane.*

**Sulih basa dening G.M. Sigit
Nurchayanto A*

RATUN UNTORO

Pageblug, Sastra, lan Guyup Rukun

Ing mangsa pageblug kaya ngene iki, sejatine wong Jawa wis ora kaget. Maneka warna pageblug wis tau dialami dening wong Jawa. Malah anane usum lelara nular kuwi bisa ndadekake semangat guyub rukun antarane warga siji lan sijine. Jaman usum lelara pes (lelara sing digawa tikus), wong Jawa nyawiji piye carane ngadhepi lelara kuwi. Ora mung nyawiji nglawan tikus, nanging kanthi nyawiji, wong Jawa rumangsa duwe kanca. Rumangsa ora ijen. Akeh kancane. Yen wis ngono banjur gedhe semangate. Gedhe atine. Ayo... bareng-bareng ngadhepi memala iki!

Sawise atine tatag banjur ngupiya cara kanggo njawab kahanan sing nggegirisi. Ana apa ta sejatine kang lagi dumadi? Ayo padha diudi. Digoleki sabab musababe.

Nah, iki bedane wong Jawa karo wong Barat. Yen wong Barat anggane nggolek jawaban nganggo ngelmu nalar utawa ilmiah, yen wong Jawa nganggo ngelmu batin. Sebab wong Jawa percaya manawa urip kuwi ora cukup dinalar, nanging uga perlu dilakoni nganggo batin. Wong urip iku

sing digoleki mung tentreming ati. Katentremaning ati kuwi sing diupadi. Bab kaya ngene iki wong Jawa wis mathuk kabeh.

Sabanjure, olah rasa lan olah batin kanggo ngadhepi kahanan kuwi banjur diwedarake, salah sijine, nganggo sarana sastra. Ing antarane dadi crita rakyat, crita babad, lan kawruh sing migunakake susastra. Dadi, crita rakyat kuwi dudu crita ngayawara, nanging dadi saranane wong Jawa kanggo nggoleki bab-bab kang angel dijawab nganggo nalar. Kayata, crita bab Nyi Roro Kidul. Ing sarehne laut kidul kuwi duwe daya kekuatan sing nggegirisi lan angel tinemu ing nalar, mula wong Jawa duwe crita bab kraton jim sing nguwasani laut kidul. Semono uga crita ngenani Gunung Merapi, wit gedhe, kuburan, nganti tekan crita pageblug. Salah sijine crita wektu ana pageblug pes, yaiku anane lampu ting (utawa lentera, lampu sing luwih cilik saka senthir) wernane ijo. Lampu ting kuwi saben bengi mlaku dhewe. Omah utawa desa sing bengine diliwati lampu werna ijo kuwi awane mesti bakal ana wong sing

mati. Nah, lampu ting kuwi wedi yen kadenangan uwong. Mula, kanggo njaga supaya lampu ting kuwi ora ngliwati omah utawa desane, warga masyarakat kudu jaga malem. Rondha. Warga banjur dum gawe gentenan njaga kampung. Rasane malah banjur kompak. Paseduluran dadi kenceng marga rumangsa duwe mungsuh padha: lampu ting ijo. Bener apa ora crita lampu ting kuwi, sing jelas masyarakat dadi guyup.

Mula saka iku, anane pageblug Corona-19 iki kudune bisa dadi pecut tumrap karya sastra Jawa. Ngonceki kahanan kanthi ati wening banjur nyipta sastra. Yen bisa, karya sastra mau bisa menehi pepadhang masyarakat. Madhang ati kang peteng. Yen atine wis padhang banjur tentrem uripe. Kantentremaning ati kuwi nuwuhake semangat lan "percaya diri". Tundhone bisa nuwuhake "daya tahan tubuh" bisa nulak lelara. Saliyane kuwi, karya sastra ing mangsa pageblug Corona-19 iki yen bisa gawe masyarakat kompak, guyub, ora ngijeni ngadhepi kahanan.

Balai Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta 2020

A. Penyuluhan Bahasa Indonesia kanggo Guru SMA/SMK/MA

April 2020, kaya adat saben, Balai Bahasa Indonesia ngadani Penyuluhan Bahasa Indonesia. Bedane, taun iki pesertane guru bahasa Indonesia. Geneya mangkono? Apa ora kaya nguyahi segara? Wis dadi guru bahasa Indonesia kok isih diwenehi penyuluhan bahasa Indonesia?

Miturut katrangan Kepala Balai Bahasa DIY, Dr. Pardi, M.Hum., penyuluhan iki sengaja ngundang pasarta guru bahasa Indonesia supaya guru bisa komunikasi lan wawan rembug klawan para ahli basa ngenani perkara kang asring diadhepi guru ing sekolah. Basa (lan uga sastra) kuwi ngelmu kang tansah ngrembaka, d udu ngelmu mandheg. Kanthi mangkono, mesthi ana wae perkara kang perlu dirembug bebarengan. Saliyane kuwi, tata ejaan anyar bahasa Indonesia uga wis ana owah-owahan. Saiki wis ora nganggo Ejaan Yang Disempurnakan (EYD), nanging wis ana Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia (PUEBI). Bab kuwi perlu dimangerteni guru bahasa Indonesia.

Penyuluhan iki dileksanakake patang dina, pasartane ana 45 didum dadi rong kelas. Satemene target peserta 50, nanging ana saweneh sekolah kang ora ngirim dadi peserta amarga gurune kurang. Miturut ketua panitia, Rijanto, S.Pd., penyuluhan iki kaanggep sukses amarga peserta katon semangat lan diskusi bisa lumaku lancar lan gayeng. Acara iki dibuka Kepala Balai Dikmen Gunungkidul, Drs. Sangkin, M.Pd. Piyambake mratelakake manawa kabeh guru kudu terus ningkatake ngelmune supaya bisa nularake kanggo siswa. Tansaya jero ngelmune, tansaya ora gampang entek ditimba.

Program Penyuluhan Bahasa Indonesia iki rencanane diadani ana ing 5 kabupaten/kota se DIY. Nanging, sing wis kaleksanan nembe kabupaten Gunungkidul. Kabupaten/kota liyane durung kaleksanan amarga selak katrejang prahara pageblug Covid-19 kang nggegirisi. Kanggo ngawekani anane pagebluk iki, bisa uga penyuluhan diganti model ora nganggo patemon tatap muka langsung, nanging nganggo media internet.

B. Bengkel Basa lan Sastra

Bengkel basa lan sastra kang diadani Balai Bahasa DIY taun iki ora kaya adate. Biasane diadani ing 5 kabupaten/kota se DIY, nanging saiki mung ing Kabupaten Gunungkidul lan Kulon Progo. Materi bengkel yakuwi pelatihan nulis feature lan nulis drama. Peserta saben kabupaten ana 50 siswa kabagi rong kelas, yaiku kelas feature lan kelas drama. Program iki dileksanakake kaping 10 patemon saben dinda Minggu. Nanging, lagi wae mlebu kaping pindho wis ketrejang pageblug Covid-19 saengga kanggo sawetara wektu urung diterusake. Bisa uga mengkone bakal diadani patemon lumantar media internet.

C. Film Dokudrama Macapat

Taun 2019 kapungkur, Balai Bahasa DIY gawe film dokudrama ngenani Selawat Jawi, yakuwi Selawatan sing nganggo tembung-tembung basa Jawa. Judule "Arab Digarap, Jawa Digawa". Taun 2020 iki Balai Bahasa DIY uga gawe film docudrama ngenani macapat. Mlebu ing program konservasi sastra, film macapat iki digayuh bisa narik kawigaten kawula mudha tumrap macapat. Supaya narik kawigaten lan ora dianggep film-e wong tuwa-tuwa, film iki diwenehi judul "Mantrayana". Tegese, lelakone mantra utawa lelakone syair macapat. Ing film iku tokoh utamane bocah cilik sing nedeng-nedenge agi seneng dolanan handphone banjur "tertarik" karo tembang kang ditembangake salah sawijining paraga ing televisi.

Film iki kaangkah rampung ing September 2020.

YOHANES ADHI SATIYOKO

Paraga Wayang kanggo Nyemoni

Njingglengi telung cerkak ing Pagagan no.96 iki pranyata bisa nuwuhake pengalaman batin sawise maca. Telung cerkak kasebut duweni crita lan rasa kang beda nalika diwaca. “Goreh” anggitane Aye Suharyono nggambarake kahanan atine paraga Saiman, kang bingung golek dhuwit kanggo nambakake anake wadon kang lara. Punjere konflik dumunung ing gorehe atine Saiman kang mangu-mangu arep migunakake dhuwit RT kang dititipake dheweke kanggo nambakke anake wadon kang lara utawa disetor marang RW. Cerkak “Aruni” anggitane Noviana Lestari nggambarake donyane katresnan para mudha kang diarani “cinta segi tiga” kanthi paraga Aruni, Sashi, Bagaskara, lan Raditya. Aruni duwe sesambungan rasa tresna marang Bagaskara lan Raditya kang isih sedulur kakang adhi. Sawetara Sashi dadi paraga kang

tansah nyipati lan mangerteni gorehe atine Aruni.

Cerkak “Goreh” lan “Aruni” kekarone nggambarake latar realis utawa kasunyatan kang biasa ditemoni ing riptan-riktan fiksi Jawa. Ing cerkak gaya realis, paragane ngemper blegger, sipat, utawa tumindake manungsa. Ekspresi cerkak kaya mangkene gampang dibayangake kahanane dening para maos awit gegambaran kahanan lan paraga kang dicritakake banget gayut karo kahanan kang bisa ditemoni dening para maos ing padinan.

Saliyane rong cerkak kasebut ana siji maneh, cerkak asesirah “Sengkuni Ilang” anggitane Rita Nuryanti. Alur crita “Sengkuni Ilang” iki pancen luwih njlimet tinimbang “Goreh” lan “Aruni”. Menawa satleraman nitik irah-irahan cerkak “Sengkuni Ilang”, para maos bisa ngarani menawa crita cekak iki

ngandharake jagating wayang. Ananging menawa wus rampung maos, bakal pirsia menawa alur crita kang diandharake dening Rita Nuryanti iki nuduhake jagat kang campur, yaiku antarane jagat realis utawa kasunyatan padinan lan jagat pakeliran kanthi anane paraga wayang, Sengkuni.

Paraga Ngadiman lan Puthut nuduhake menawa alur crita “Sengkuni Ilang” duweni latar kang realis. Ananging ing crita kasebut ana paraga Sengkuni. Jeneng paraga sengkuni nggeret imajine para maos mlebu ing jagat pakeliran. Digambarake ing crita menawa Ngadiman bingung lan wedi banget amarga kelangan wayang sengkuni kang wis ora ana ing kothak wayang. Kamangka wayang kasebut regane larang.

Digambarake menawa paraga wayang Sengkuni bisa sambung rembug klawan manungsa, yaiku Ngadiman. Kepara Sengkuni bisa

gawe teror marang Ngadiman kang nggoleki dheweke merga ilang seka kothak wayang. Sengkuni, saliyané nyebar teror lan pitenah ing masyarakat uga bisa ngancem lan gawe Ngadiman keweden. Sesambungan antarane paraga wayang lan manungsa ing crita fiksi ngemu karep kang sinandi. Pengarang nyoba nyilih paraga wayang kanggo mbangetake anggona arep nuduhake sawijining kahanan lumantar paraga wayang.

Paraga wayang ing pakeliran kagambarake duweni sipat dhasar kang wis gumathok (ireng-putih). Sipat iki pancen sacara filosofi digunakake minangka “modhel” lan gegambaran sipating manungsa. Mula ing pakeliran, saben paraga wayang nyulhi sawijining sipat manungsa, kayata jujur, satriya, julig, lan sapanunggalane. Donya manungsa lumrah lan pakeliran pancen beda. Ananing cerkak “Sengkuni Ilang” donya kekarone dilebur dening Rita Nuryanti kanggo nyuguhake sawijining crita kang duweni pesen (*message*) tartemtu. Ing cerkak “Goreh” lan “Aruni”, pesen utawa gegambaran kang disuguhke dening pengarang luwih katon cetha amarga donya kang digambarake banget cedhak karo donyane para maos. Cerkak modhel kaya mengkene luwih gampang dipahami isi critane. Suwalike cerkak “Sengkuni Ilang” kang nyuguhake jagating

manungsa lan wayang dadi siji, mujudake sawijining crita kang kudu dipahami kanthi seserepan bab wayang lan wewatekane.

Banjur kenangapa pengarang kudu nggabungake jagat manungsa lan jagat wayang ing sawijining karya fiksi (cerkak). Saben crita dicipta dening pengarang adhedhasar pengalaman pribadi pengarang. Ana pengarang kang nyipati kahanan nyenengake, trenyuh, njengkelake, mangkelake, kepara nggegirisi. Pengalaman batin pengarang kasebut bisa nuwuhake ekspresi kepengarangan kang maneka warna, kayata satire utawa nyemoni kahanan tartemtu. Paraga wayang ing karya fiksi biasane dipiji kanggo nguwatake sawijining wewatekaning manungsa kang kagambarake ing karya fiksi. Ana paraga kang mandhita, satriya, utawa kepara julig. Paraga Sengkuni ing “Sengkuni Ilang” katon dipiji dening Rita Nuryanti kanggo nyulhi pengalaman kang disipati lan kepingin diaturake marang para maos.

Ing tangane pengarang sesambungane paraga wayang lan manungsa digarap sacara kreatif kanggo nuwuhake efek kang estetis utawa endah ing alur critane. Senajanta paraga Sengkuni ing jagat pakeliran digambarake duweni sipat julig, seneng mitenah, lan apus-apus, nanging

ing “Sengkuni Ilang” digambarake duweni pamikiran kang bisa ajur ajer marang kahanan kang lagi dumadi ing jagating manungsa.

“Lha kula jeleh lho, Ki! Mosok sing elek-elek dikekke kula. Durung ngerti kenthang kimpule sok wis dha nyalahke. Malah, angger ana wong julig, licik, diarani Sengkuni. Nylekit boten nek ngoten niku? Lha padha-padha dadi paran cucuhan, mbok empun sisan nyebar wisa. Kula pengin dados agen. Agen kadurjanan. Kantun thenguk-thenguk nunggu kethuk, para gedibal ingkang ndhedher angkara.”

Ujare Sengkuni kaya ngono kuwi nuduhake sawijining dhialog antarane Sengkuni lan Ki Pitutur Jati. Ing kono dibabar ujare Sengkuni kang nyemoni marang kahanan lan pawongan tartemtu.

Crita cekak “Sengkuni Ilang” bisa nuduhake sawijining modhel crita kang nggabungake jagat manungsa lan jagat wayang. Biasane crita modhel kaya mengkene diripta kanggo nyemoni kahanan utawa paraga tartemtu kanggo atur pesen tartemtu marang para maos. Pancen kudu sangu tafsir kang luwih jero, nanging dudu crita fiksi menawa ora ngemu tafsir kang dicawisake dening pengarang kang kreatif lumantar riptane.

Sugeng maos. Salam sastra budaya.

TIRTO SUWONDO

Modhernitas Sastra Jawa

Apa ya isih bakal kelakon, sastra Jawa dadi sastra “prihatin”? Apa ya isih kelakon para sastrawan ora bisa antuk rejeki saka riptane? Pitakonan kaya mangkono kaya-kaya wus ora trep ing jaman saiki. Pancen, anggepan utawa asumsi kaya mangkono dumunung saka kasunyatan utawa realitas kurange medhia massa basa Jawa kang nyengkuyung riptan-riktan kasusastran Jawa, penerbitan kang isih milah lan milih (antarane sastra Jawa lan Indonesia), sudane pamaos riptan sastra Jawa, lan sapanunggalane. Mula ya bener anane menawa kaya mangkono kang kelakon. Ananging modhernitas lan ombyaking donya kang tansah ngangkah ringkese komunikasi kanthi maneka piranti uga kudu dadi panyengkuyunge sastra Jawa supaya ngrembaka.

Nalika modhernitas saya ngresep ing urip lan panguripan manungsa, sastra Jawa uga kudu ngrasakake sumube. Sastra Jawa dudu ngengrengan sistem kang kuna lan ora bisa ngrembaka nut jaman kelakone. Sastra Jawa minangka

sastra dhaerah kang duweni paugeran kaya sastra-sastra sadonya bisa tansah melu owah gingsire jaman.

Kanthi maneka pengamatan, kajian, lan analisis kang njlimet, para pengamat, panaliti, praktisi, sarta akademisi banjur metani potensi-potensi kang diduweni dening sastra Jawa. Sawise kuwi, kanthi terukur, dicoba dipetani mbaka sethithik kanggo nemokake lan gawe solusi-solusi kang trep kanggo merekondisi maneka babagan kang bisa nyengkuyung sastra Jawa supaya “ngrembaka maneh”. Salah sawijining kupiya para panaliti ing Balai Bahasa Yogyakarta kanggo ngrembakakake sastra Jawa, yaiku kanthi nindakake panaliten lan ngasilake buku *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Periode Prakemerdekaan lan Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Periode Kemerdekaan* kang diterbitake dening Balai Bahasa Yogyakarta taun 2001. Terbitan kasebut dadi salah sawijining kupiya ing antarane maneka kupiya kanggo nyengkuyung uripe sastra Jawa.

Saka dudutan kang ditemokake dening para panaliti, akademisi, lan pemerhati sastra Jawa nuduhake anane sistem kang kudu tansah dileluri kanthi sambung kabar lan tansah nyengkuyung antarane siji lan sijine. Sistem kasebut, yaiku pengayom kang duweni gayut marang pengarang lan masyarakat pengarang sarta riptan sastra Jawa. Pengarang kang ngasilake riptan ora bakal bisa ngrembaka tanpa panyengkuyunge pengayom utawa patron. Ing jaman kraton (periode Jawa kuna) kasusastran Jawa diayomi dening raja lan kraton, mula uga diarani sastra Jawa kraton. Sawise jaman kraton angslup, pengayom uripe sastra Jawa dumunung ana ing penerbit lan lembaga-lembaga kang duweni ayahan gayut karo sastra, kayata Dinas Kebudayaan, Balai Bahasa, perpustakaan-perpustakaan, sanggar-sanggar utawa komunitas sastra, lan liya-liyane.

Ing jaman modheren lan global kaya saiki, ayahane para pengayom saya katon, lan uripe kasusastran Jawa saya ngrembaka. Anane sayembara sastra Jawa, penghargaan sastra Jawa, temu pengarang, penerbitan karya sastra Jawa, nggrengsengake komunitas-komunitas sastra Jawa, lan olah gladhen proses kreatif kepengarangan saya bisa diandelke kanggo nyedhiani lemah amba tuwuhe trubus-trubus riptan sastra Jawa kang onjo. Mula kaya pitakonan ing purwakane tulisan iki bisa diwangsulni menawa sastra Jawa dadi sastra kang kreatif lan bisa ngrejekeni lan mongkogake pangriptane. Babagan iki uga nuduhake menawa sastra Jawa bisa tansah melu owah gingsire jaman kang saya modheren.

Salam sastra budaya Jawa. ***

SUWASTI RATRI ENI LESTARI

Ora Kepingin Ditinggal Idhe

Jagating kasusastran Jawa ing Ngayogyakarta tansah gilar gumilar. Ana wae aktivitas sastra kang marakake para pandhemen sastra Jawa kepecut. Semono uga, dhinamikaning para sastrawan Jawa uga ora keru. Kreativitas lan spontanitas para sastrawan nyipati lan nglanggati jaman dadi daya panguripan lan kembang-kembang kang ngrenggani aruming gebyar sastra Jawa. Mula asiling riptan sastra Jawa tansah bisa nggambarake kemajuwaning jaman, ora mung dadi sastra kang kaku. Saliyane bisa diprisani lan diwaos, asil riptane para sastrawan Jawa saiki bisa uga diprisani lumantar YouTube ing saluran Album Sastra Jawa. Masyarakat bisa kanthi mardika mirengake, mirsani, mangerteni, kepara nyinau sastra lan pengarang Jawa. Salah sawijining pengarang mudha kang semangat, prodhuktif, lan tansah gawe eksplorasi, yaiku Asti Pradnya Ratri.

Asti Pradnya Ratri ngono kuwi jeneng sesinglone ing jagading sastra. Jeneng asline Suwasti Ratri Eni Lestari, kelairan Magelang,

13 September 1986. Wektu cilik manggon ing kutha Magelang. Sekolah ing SD N 2 Potrobangsari tekan kelas 3. Banjur ing taun 1996 pindah Temanggung lan nerusake sekolah ing SD N 3 Wonokerso. Tataran sekolah SMP dilakoni ing SMP N 1 Tembarak, lan SMA N 2 Temanggung. Lulus SMA taun 2005, banjur nerusake nyinau Pendhidhikan Bahasa Jawa ing Universitas Negeri Semarang.

Asti njlentrehake menawa dheweke wiwit nulis karya fiksi seka wiwitan kuliah. Ngakune merga bosen lan jenuh marang kegiatan kampus kang dieloni (HMJ, UKM Jawa, Jurnalistik lan uga teater). Iki malah ndadekake imajinasi ing pikirane ngumbara lan ngrembaka, saengga nuwuhake riptan-riptan kang tinulis ing maneka kertas bindher, kang kertas kuwi sejatine kanggo nyathet tugas-tugas kuliah. Asile geguritan lan puisi kang nyulihi rasa pangrasa kang mawujud ing ekspresi tulis. Ewadene cerkak wiwit seka kisah nyata kang banjur tinulis lan diowahi dadi fiksi. Nalika jam kuliah, Asti bisa mujudake geguritan (saking bosene nyemak

kuliah). Lulus kuliah ing taun 2009, Asti saya ngrembakakake karya fiksine senjata isih arupa coretan tangan. Wektu iku blas ora kepikir kanggo ngirim tulisane kenyang media massa.

Wiwitan taun 2010, Asti pindhah Sleman lan ngabdhi negara dadi dwija Basa Jawa ing SMP N 3 Mlati, Sleman, DIY. Sleman wusana dadi tlatah kang ngembani Asti ngrembakake kadigdayane ing donyane Sastra Jawa. Donya Sastra kang sabenenre diwiwiti nalika Asti melu pelatihan penulisan kreatif kanggo para guru kang diadani dening Balai Bahasa Yogyakarta. Kelingan nalika nate nuduhake asile tulisan marang sawijining narasumber sastra, Asti saya mongkog lan pedhe ngirim karya sastrane menyang Djaka Lodang. Saya manteb anggane kepingin ngrembakakake sastra Jawa, mula Asti banjur melu olah kasusastran bebarengan para maestro sastra Jawa ing Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY).

Pengalaman sepisanan pancen dadi pengalaman kang ora bakal dilalekake. Nalika ngirim karyane

sepisanan, mung siji pikirane, yakuwi..lalekna...kamot apa ora ya wis ben. Kanthi duwe pamikiran kaya mangkono, setengahe Asti wis bisa nglipur awake dhewe, ora mupus, lan cuget ati menawa nyipati tulisane ora layak muat. Nanging tanpa dinyana, cerkak kirimane kamot ing Djala Lodang. Sawise kuwi maneka tulisan semangate tambah makantar. Maneka coretan tangane diolah meneh dadi karya fiksi basa Jawa, diprint, banjur dikirim menyang media massa. Saben ngirim, saben-saben kamot. Mula ing angen-angene Asti ya mung nulis, nulis, lan kirim. Maneka artikel ngenani herba, jagading lelembut, pengalamanku, oh lelakon tansah jumedhul seka olah kretif tangane (rubrik-rubrik ing majalah Djaka Lodang)

Wah wis...ing atine rasane mung kemudu-kudu mujudake imaji menyang coretan. "*Gila menulis*"... ngono sebutane. Mula sing jenenge kertas isi coretan tangane tansah "nyusuh" temumpuk ing jeron kamar kose. Ora mung kertas anyar, nanging kertas-kertas bekas, kepara kertas undhangan kang isih bisa ditulis dadi sasaran medhia kanggo nulis maneka idhene kang tuwuh ing ngendi wae lan ing kahanan apa wae. Asti kaya-kaya ora kepingin ditinggal dening idhe kang kumleyang ing pikirane.

Kanggone Asti nglakoni urip bisa kanthi gegojegan, ora kudu spaneng lan kenceng. Samubarang bisa dipupuri supaya katon ayu lan mranani. Mula, sakabehing laku urip prelu ditulis lan dironce nganggo sastra supaya katon

endah lan mranani, luwih elok lan bisa diugemi kanggo laku urip. Jer urip ki mung mampir ngombe, mula ayo ngaloni urip sinambi ngombe kopi. Kopine urip. Asti tansah ngupaya ngajak sasopoa kanggo nulis, nulis urip lan panguripan, ngrakit kreasi miturut gegambaran kang diugemi, supaya urip luwih urip. Asti kalebu penulis kang prodhuktif, kreatif, lan nylenah ing saben karyane. Katon menawa kepingin "mengeksplorasi" jagatJawa supaya ora "kaku" lan konvensional. Sawetara karyane wus nuduha ke eksplorasi, Serendipiti Astabrata, Sawijining antologi geguritan kang nyemu soraga kritik sosial nanging disuguhake kanthi ekspresi semu santai jenaka. Salam Sastra Budaya.

JENENG LENGKAP:

Suwasti Ratri Eni Lestari, S.Pd.

JENENG SESINGLON:

Asti Pradnya Ratri

PAPAN LAN TANGGAL LAIR:

Magelang, 13 September 1986

PENDHIDHIKAN:

- SD N 2 Potrobangsari tekan kelas 3.
- Taun 1996 pindah Temanggung
- nerusake sekolah ing SD N 3 Wonokerso.
- SMP N 1 Tembarak,
- SMA N 2 Temanggung.
- S 1 Pendidikan Bahasa Jawa
- Universitas Negeri Semarang (UNES)

Garwa: Farid Bakhtiar

Putra: Senandung Locita Dewananda

Alamat: Jetis, RT. 04/RW. 32

Desa Tirtoadi, Kecamatan Mlati Sleman, DIY.



SUCI HADI SUWITA

*Pemuda
Indonesia*

1. Kridha pemudhi-pemudha
Indonesia wiwit dhisik
Datar wedi mring penjajah
Nyawiji Kridha lan ati
Saindonesia iki
Ing taune wolulukur
Karan sumpah pemuda
Nusa lan bangsa mung siji
Sawiji ngluhurke basa Indonesia
2. Bung Karna jaman samana
Berjuang Tan wedi mati
Mlebu metu dipenjara
Dinyuti para dasih
Pancasila digoli
Dadi dhasar negara gung
Presiden sapisanan
Macakala proklamasi
Pitulas Agustus taun papat lima
3. Pamudha ing saterusnya
Ngisi Kamardikan iki
Tekan ing sadengah kridha
Emoh kalah luar negeri
Ilmu lan teknologi
Badminton mula kampiun
Yo salapangan hebat
Kridhane ing bab politik
Mercusuar ing Asia lan Afrika

Yogyakarta, 7-3-2020

*Lawuh Ing
Ngayogyakarta*

1. Dhahar lawuh ing Ngayogja
Gadeng tempe bacem terik lan kripik
Goreng plempung bacem tahu
Dhendheng abon lan empal
Bacem iso babat limpa lawen paru
Ayam, bebek menthok masak
Endhog dadar mata sapi
2. Pecel lotek lan gudhangan
Gadho-gadho (kupas tahu) kopyok bakmi
Peyek kacang tahu telur
Capjae masakan Cina
Puyunghai bakmi lan godhog bihun
Sego goreng Magelangan
Acar timun aja lali
3. Bothok bungko sarta pelas
Ayung-ayung campur kacang tholo putih
Rempah isi daging lembu
Bethik dheplokkan dara
Kandha urang isi urang sarta bumbu
Bergedel Ngayogyakarta
Mangga kari milih-milih

Ngayogyakarta 18-3-2020

Supados Tewah Saé, Taneman Punapa Kemawon Kedah Dipunrabét

Tembung tewah ing ukara iki kanggo ngramakaké tembung tuwuh lan dipunrabet kanggo ngramakake tembung dirabuk. Ngramakaké tembung kanthi cara kaya ngéné iki, yaiku tuwuh dadi tewah lan rabuk dadi rabet, pancèn ana pola lan conto liyané. Ngramakake tembung tuwuh dadi tewah kanthi pola “tembung rong wanda kang mengku u-u dadi e (pepetP -a” kaya ing tembung tuduh -> tedah, dhukuh -> dhekah, wutuh -> wetah, butuh -> betah, buruh->berah. Dene tembung rabuk dadi rabet kanthi pola “wanda pungkasan bu, buh, utawa bung dadi bet”, kaya ing tembung ambu->ambet, jambu->jambet, imbuh->imbet, sambung->sambet.

Sanajan ana pola lan conto-contone, satenane ora sadhengah tembung kuwi kena dikramakake kanthi pola-pola mau. Tembung juruh, luluh, lan susuh, umpamane, ora dikramakake dadi jerah, Lelah, lan sesah. Lan maneh, upamane tembung bumbu, subuh, lumbung, ora kena dikramakake dadi bumbet, subet, lumbet. Jalaran, tembung-tembung iku ora klebu ewoning tembung krama ngoko, yaiku tembung ngoko kang wis kena dianggo tembung krama tanpa ngowahi utawa nyalini wujud. Tembung krama ngoko kuwi yen dirkamakake mala hora lumrah lan sok dadi basa dhagelan, cengengesan, utawa sembranan.

Tembung tuwuh lan rabuk iku uga klebu ewaning tembung krama ngoko. Dadi tembung mau ora prelu dikramakake, ora prelu diowahi utawa disalini wujud. Benere, ukara ing ndhuwur mau cukup mangkene.

Supados tuwuh sae, taneman punapa kemawon kedah dipunrabuk.

RATUN UNTORO

Brangus

Topinan, maskeran,
kacamatanan. Wangun banget.
Nganti ora ketok raine.

Omong-omongan ya ora dibukak
maskere. Ndak nyiprat idune isa
nular nek nggawa virus Corona.

"Masker ki basa Jawane "brangus".

"Iya. Brangus. Nek jaman biyen
dibrangus ki tegese diwatesi
kebebasan berbicara," jare Pakdhe
Budi nimpali omongane Mas Totok.

"Ora ming omongan, majalah-
majalah sing kritis karo
pamarentah uga dibrangus.
Karya-karya sastra sing ngiritik
pamarentah dibrangus ben ora
omong meneh".

"Lha iki aku bukak Bausastra Jawa
karangane Poerwodarminta.
Brangus kuwi tegese brongsong
cangkem supaya ora nyokot
(tumrap jaran, asu). Bisa uga
majalah-majalah lan karya sastra
kuwi dibrangus kareben ora nyokot
pihak sing lagi duwe kuwasa,"
tambahe Pakdhe Budi.

"Lha nek aku ya, jenenge agi
kuwasa ya rapapa. Zaman
pujangga biyen akeh-akehe karya
sastra kuwi ndhukung panguwasa.
Ngapik-apik panguwasa. Menahi
pangalembana marang sing lagi

kuwasa. Lha kok saiki malah
kanggo ngiritik panguwasa. Rak ya
ora mathuk ta kuwi?" Mas Totok
nyaut omongane Pakdhe Budi karo
ngecur jarang panas.

Kaya adate, jarang panas mau
mung kanggo nambahi ampas
kopi. Angger gawe kopi, isih
ana ampase banjur dijog jarang
panas meneh. Dasar pengiritan!
Hahaha...

"Ya kuwi bukti yen karya sastra
kuwi sejatine pepak. Bisa kanggo
ngalembana, bisa uga kanggo
menehi kritik. Intine rak njur awake
dhewe isa mbiji manawa sastra
kuwi duwe manpangat. Nek aku
malah seneng zaman Orde Baru
biyen lho...hahaha," sambunge
Pakdhe Budi.

"Nalare?"

"Lha iya ta?! Panguwasa zaman
iku mbrangus karya sastra
amarga ngerti yen karya sastra
kuwi pengaruhe gedhe. Ngerti
manawa karya sastra kuwi ngemu
suras. Ngerti yen karya sastra
kuwi membayani. Mula kudu
dibredhel utawa dibrangus, utawa
dimaskeri...iya ora?" Pakdhe Budi
melu nyurut kopid adem.

Kadingaren omongane Pakdhe
Budi rada nalar. Biasane ki mung

waton sulaya je. Ngono batine Mas
Totok.

"Mboten ngaten, Pakdhe Budi...
Jenengan kok enjing niki le
guneman rada mangsuk ngakal
lan ketok pinter niku wau dalu
bar entuk impen apik napa?" Mas
Totok diwanek-wanekke takon karo
guyon.

Guyon parikena mundhak Pakdhe
Budi nesu hahaha...

"Pakdhe... Pakdhe gundhulmu"

"Lho...!"

"Dumeh takbrangus we njur lali
aku," muni ngono karo mbukak
masker.... Wooo jebul Pak Edi
Setiyanto... hahahahhaa.

"Wahhhh blaikkkkkk... Iha kleru.
Mboten namung kleru uwonge.
Kopine ya kleru!" ujare mas Totok
karo ngguyu kekel.

"Kleru piye?"

"Lha niku kopi sing jenengan
sruput niku kopine Pakdhe Budi
wau enjing, je".

"Haaaah...mulakna mambu amis
bar mangan endhog nggone Mbak
Yuni sajake wonge!"

Ambyarr.....



Novel Basa Jawa LAKON

Anggitanipun Ardini Pangastuti Bn.
Terbitan Interlude 2020

Dhimas Bisma Dewabrata, nom-noman kuwi sakawit dening wong tuwane digegadhang dadi prajurit pinunjul kaya Bisma ing jagad wayang. Nalika tanpa njarg dheweke pikantuk bonekah wayang Kresna lan Bisma, nom-noman kuwi kepeksa ngilelimbang lan maneges marang Sing Gawe Urip, geneya tokoh wayang loro sing nduweni peran penting ing jagad pakeliran kuwi bisa kecekel ing tangane. Dheweke banjur mbudidaya priye carane murih generasi anom nyenengi wayang lan kawruh-kawruh wayang sing dhuwur lan rinasa ngawang iku uga bisa dipahami generasi saiki.



Novel Jawa TABON

Margareth Widhy Pratiwi
Terbitan BuanaGrafska 2020

Wong Jawa enggone semu, jarene. Embuh bener apa kleru. Sing luwih trep, mbokmenawa, "Teater enggone semu". Ing novel Tabon, teater – mligine sawijining paguyuban kethoprak – nguwasani sakabehe. Pendhapa kadhapuk kaya dene panggung, kamar tidur dadi ruwang Yo!-stageX ing sakiwa-tengene panggung, pelataran ing ngarep pendhapa mirip ajange bebrayan agung sing nonton panggung. Lan paraga novel padha ngecakake dhapukan rong warna – minangka manungsa salugune, tur minangka paraga dhapukan sing mejeng kebak apus-apus ing ndhuwur panggung.



Novel Jawa TOPENG MENTAOK

Antara Aku, Kotagede Lan Kowe

Bey Saptomo
Terbitan BuanaGrafska 2020

Topeng iku bisa ditegesi gegambaran lelakon. Yen endah kadulu pinangka lelipur, yen ala dadiya kaca benggal. Upama ditegesi piranti penganggo, mesthine dadi karana ruh kang ngesuh laku obah mingset jantrane manungsa. Gumregahe para leluluh nalika memangun bumi Mataram, kudune tansah tumanjem ing telenging ati, kaolah ing rasa, dikrenah ing pikir, dicakke ing laku.



Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan
BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta 55224
Telepon (0274) 562070, Faksimile (0274) 580667